

# MERKISEDHEKI UYU NDIANI?



Ngatikotamei misoro yedu tinamate.

Baba yedu vanodikanwa vari kumusoro kuDenga, tinonzwa rwuyo urwu rwokuti *Tenda Chete*, zvinotiita kuti tizive kuti ndizvo zvoga zvatnofanira kuita kuti tiwane nhaka yevimbiso dzaMwari, kungodzitenda chete. Nokuti kwakanyorwa kuchinzi, “Zvinhu zvose zvinokwanisika kuna vanotenda.” Patiri kuchema somurume akanga aine mwana aiva nepfari, “Ishe, ndinotenda! Ndibatsirei Imi pakusatenda kwangu.”

<sup>2</sup> Tinokutendai nesimba reNyu guru, kuzarurwa kweNyu kukuru pacheNyu kwatiri mumazuva ano okupedzisira. Zvinoita kuti mwoyo yedu ifare kwazvo, kuziva kuti takasangana naMwari mupenyu; Anozvisimbisa kwatiri panyama, pane zvinobatika, sezvaAkaita mumazuva apfuura, uye sezvaAkavimbisa muzuva rino. Tinokutendai, Mwari wedu. Zuva rino rerima apo vanhu vasingazivi kuti vanofamba nenzira ipi, tinokutendai kuti takawana nzvimbo yakachengetedzwa, kwatinotizira.

<sup>3</sup> Zvino tiropafadzei husiku huno, Ishe, patiri kutaura pamusoro peShoko reNyu. Nevimbiso dzatakapiwa, dai tikadzichengeta mumwoyo yedu, tidzichengete nokuremekedza, nokudziterera nokuzvidzikamisa chaiko kohumwari. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

<sup>4</sup> [Mumwe munhu anotaura kuHama Branham—Mupepeti.] Mari yezvipo? Vangadai—vangadai vasina kuitora. Ndiani aitora? Ane mhosva? Ndanga ndava kubvunza maneja. Ataura kuti atora mari yezvipo yokuti ndipiwe. Angadai asina kudaro. Ndinozvifarira, Mwari anozviziva, asi ini—ini handina kuinga izvozvo. Ndinokutendai. Dai Ishe vakuropafadzai. Ndichaita zvose zvandinokwanisa. Ndichaiisa mubasa rokundoparidza mhiri kwamakungwa, kuti ishandiswe mubasa roHumambo hwaMwari. Zvino kana Ishe vachitendera, ndichaitora, ini partangu, kunyika idzi, kundoparidza Evhangeri yamanga makagara, muchinzwa vhiki ino, ipapo ndinoziva kuti zvaitwa nenzira yamunotenda nayo. Ishe vandibatsire kuzviita.

<sup>5</sup> Ndinofara kwazvo nokuuya kwamanga muchiita vhiki ino, uye nemi vanhu mose muri kuteerera husiku huno zvakare muri—muri pamafoni. Tinofarira mumwe nomumwe wenyu.

<sup>6</sup> Billy ataura neni mangwanani ano ati, “Baba, dai manga mauya neni mangwanani ano, mangwanani, pakubuda kwezuya, mamira muchiona vanaamai vachipa vana vavo zvokudya mumotokari, vanhu ava varombo vakagara kuchinaya, vakamirira kuti misuwo ivhurwe!” Muri kuona kuti ndingave munyengeri akaita sei kana ndikakuudzai chimwe chinhu kunze

kweChokwadi? Ndingava munhu akaipa kwazvo. Dzimwe nguva ndinorwadzisa, asi hakusi kuti ndinoda kuzviita, chikonzero . . . Handisini ndinorwadzisa. Chokwadi ndicho chinorwadza. Zvino ini—ini . . . Asi ndinotenda kuti ndicho chikonzero muchiuya, nokuti ndakanyatsotendeka, uye ndinoita zvose zvandinokwanisa kukubatsirai. Ishe abatsire mumwe nomumwe wenyu.

<sup>7</sup> Zvino ndinoda kutenda vanhu nokubatsira kwavo, vanhu vomuguta rino, zvakare, vakatipa, vakatitendera kuti tikwanise kuwana imba ino yechikoro, imba ino inoitirwa mitambo. Zvino ndinoda kutenda vakuru venzvimbo ino kana muri pano. Uye zvakarevo ndinoda kutenda Houston Calvin, anova muchengeti pano, nokubatsira kwake kuti tiwane nzvimbo ino nokuva nesu husiku hwoga-hwoga.

<sup>8</sup> Tinotenda mapurisa omuJeffersonville nokuuya kuzochengeta pano, pasina mari yakawanda. Ndinofunga kuti madhora maviri paawa, mapurisa akaiswa pano nebasa rinokosha, kubatsira kuchengeta motokari, kuona kuti ha—hapana chinoitika, zvino zvose zvafamba zvakanaka. Tinotenda vanhu nokuda kwazvo. Uye ku—ku, uyevo, injiniya ari pa—pabhodhi, ndakamucherechedza. Uye navose vanobatsirana naivava, tinokutendai kwazvo.

<sup>9</sup> Ndinotenda mumwe nomumwe wenyu nokuda kwezvipo. Billy andivigira, masikati ano, zvi—zvipo, zvakanaka, namabhokisi, amakendi, nezvimwe. Uye chimwe chazvo changa chi—chiine Mharidzo yaJesu pagomo, nomufananidzo waKristu uri—uri pachiri, Mharidzo paGomo. Zvino changa chakanaka kwazvo. Ndinokutendai. Uye zvinhu zvakanaka, handizivi kuti ndingakutendai sei. Uye zvakare, zvakarevo noku—nokutsigira, kubvisa mari kutsigira musangano, tinozvifarira, nomwoyo yedu yose. Ishe aropafadze mumwe nomumwe wenyu, zvakananyana.

<sup>10</sup> Billy ati, panga pana vanhu vakawanda, vanga vachikumbira kuti vaonane neni panguva ino. Zvino vazhinji vakakumbira kuti vana vaiswe kunaShe. O-o, ndinoda sei kuzviita!

Asi, munoona, pandakauya panguva ino, zvanga zviriri zvechimbi-chimbi. Ndinofanira kugara, nguva dzose mukuverenga, Shoko rino nokunamata, nokuda kwokuunza kweMharidzo idzi. Maona, hadzisi . . . Dzino—dzinoshamisa kwatiri, nokuti kutsvaka kuda kwaMwari nokutaura zvinofanira. Uye zvose izvi zvinofanira kubatana pamwe chete, uye kuvhunza Mwari kuti ndechipi chokuzarura.

<sup>11</sup> Zvino, Ishe achitendera, tichadzoka zvakare nokuchimbidza, patichawana zuva rokuzviita. Ndaka—ndakambotaura, kana—kana kuti pane chandakataura nezveIsita. Regai ndimbotarisa zvakare, nokuti ndinofunga kuti ndine zvakarongwa kuCalifornia panguva iyi. Nokudaro ndingadai ndakanganyisa.

Zvisinei, patichadzoka zvakare kuTabhernakeri tichakutumirai kadhi, uye chechi, uye—nokukupai—zuva nenguva. Zvino, zvichida panguva iyi, zvakare. . .

<sup>12</sup> Handina kumbopa nguva kunamatira vanorwara. Hatina kumbova nomusangano watakaunza vanhu kuti vanamatirwe. Tanga tichingovarega vakadaro. Zvino hama dziri pano dzanga dzichiparidza, Hama Lee Vayle neHama. . .Idzi hama dzanga dzichiparidza, nokunamatira vanorwara, nokubhabhatidza vanhu nemvura, kubhabhatidza, ndingadaro, vachindirega ndiri ndoga neShoko. Tinotenda varume ava. Vaita basa guru.

<sup>13</sup> Pane shamwari dzakawanda pano dzandingada kuona. Ndatarisa ndikaona John naEarl. Zvino apo pana Dhokota Lee Vayle, mumwe wamamaneja omusangano. Hama Roy Borders. Varume ava, handina kana. . .Handina kutombokwazisana navo. Handina kuwana nguva yokuzviita. Ndinofunga pamusoro peshamwari dzangu dzokuKentucky, nenzvimbo dzakapoteredza pano, neshamwari dzangu dzinoparidza, ndingafara sei kumbundirana navo maoko! Hama Blair, ndakavaona pano rimwe zuva. Uye vamwe vakawanda vavarume ava vandinoda, zvino vauya kumisangano yakawanda, uye handina kuzviita; chikonzero ndechokuti handina nguva yokuzviita, zvakare ndiri muchimbi-chimbi.

<sup>14</sup> Kuisa vana kunaShe, chokwadi. Mwanakomana wangu, muzukuru wangu muduku anga achifanira kuiswa kunaShe pamusangano uno. Handina kuwana nguva yokuzviita; kamwana Dhavhidhi. Ndava navazukuru, vaviri zvino. Zvino, vaMay, kana vari pano husiku huno, vakandipa mudonzvo, zvinoratidzika sokunge ndichaushandisa pasati papera nguva refu.

<sup>15</sup> Zvino, ndakaudza Billy, kuti, “Bhaibheri rakati berekanai muwande muzadze nyika, asi mutoro uyu wose hauna kupiwa kwauri woga.” Zvino vazukuru ava vari kukurumidza kuuya.

Zvino, rangerirai, muroora wangu akanga asingabereki, pakutanga. Akanga asingakwanisi kubereka vana. Zvino rimwe zuva, ndichibva mumusangano Ishe akataura neni akati, “Loyce, uchabereka mwanakomana. Ishe akuropafadze. Dambudziko rako rechidzimai rapera.” Mwana Pauro akaberekwa, kumashure kwemwedzi mipfumbamwe.

<sup>16</sup> Mwedzi miviri mwana uyu asati abarekwa, ndakanga ndakagara, ndichidya kudya kwamangwanani, patafura, naLoyce naBilly vakanga vakagara vari kune rimwe divi retafura. Zvino ndakaona Loyce achipa kudya kamwana kaduku kaiva nepingi. . .Kana kuti kaiva kakaputirwa negumbeze rebhuruu. Zvino Billy akanga akagara mukona, achipa zvokudya kuna Pauro. Ndikati, “Billy, ndabva mukuona chiratidzo. Loyce anga achipa kudya kumwana akaputirwa negumbeze rebhuruu.”

Akati, “Kuvhima kwangu kwabva kwakona. Iyi mwedzi mipfumbamwe kubva pari zvino.”

Kwpera mwedzi gumi nomumwe chete, kaDhavhidhi kaberekwa. Zvino handisati ndakwanisa kumuisa kunaShe, uye handikwanisi kusvikira tazodzoka zvakare. Nokudaro muri kuona zvazviri.

<sup>17</sup> Ndinoda vanhu nokuyanana navo! Asi hama dzangu dzanga dzichinamatira vanorwara, uye ndinoziva kuti vanga vachibudirira. Husiku hwoga hwoga tanga tichinamatira vanorwara, mumwe nomumwe achiisa maoko pane mumwe, tose pamwe chete, nenzira iyi zvinobatsira vose. Asi zvichida, kana Mwari achitendera...Ndichazviisa pakadhi, kana tikakutumirai. Ndadzoka, ndinoda kuzvipira kwamazuva maviri kana matatu, pakunamatira vanorwara nokuita zvose zvatinokwanisa nenzira iyi. Zvino, ndinotenda vanhu nokubatsira kwavo, zvakare.

<sup>18</sup> Zvino ndinoda kutura, kwekanguva, pamusoro—pamusoro peMharidzo yamangwanani. Munoono, kuti handina kunyatsopedza, asi ndinofunga kuti manzwisisa. Ndine chokwadi chokuti...Hamuzomboziva kuti zvakanditorera chii kuti ndiite izvozvo.

<sup>19</sup> Zvino, zvingaita sezvakareruka kwamuri. Asi, ini, muri kuona zvandiri kuita here? Unenge uchitora nzvimbo yaMwari, kuita Chimwe chinhu. Zvino ndisati ndaita izvozvo, yaitofanira kuuya iri mhinduro kubva kuna Mwari. Zvino Iye aifanira kudzika, uye Iye akazviratidza paChake, akapa Chizaruro. Nokudaro, maona, izvi ndezveChechi. Zvino rangarirai, ndakati, “Izvi, izvi zvandataura, ndezveChechi bedzi.”

<sup>20</sup> Zvino kuti munyatsova nokugutsikana nokuziva, ndiye Mwari mumwe chete akataura kwandiri pakanga pasina tsindi. “Taura, ureve padzichazova.” Uye nguva nhatu dzakatevedzana zvakaitika. Zvino, kana Iye neShoko rimwe chete akakwanisa kusika chimwe chinhu chakanga chisipo, ko Izvi zvichazotsigirwa zvakanyanya sei paZuva roKutongwa! Maona? Vanhu vakanga varipo kuona zvinhu izvi, uye vanoziva. SaPauro akati, mazuva apfuura. Paiva navamwe vanhu naye, ivo—vakanzwa nyika ichizunguzika; asi havana kunzwa inzwi, asi ivo va—vakaona Sho—Shongwe yoMwoto.

<sup>21</sup> Zvakaita kuti ndinzwe zvakanaka, hazvo, pazvakanga zvapera; kuona varume namadzimai, vandinoziva kuti maKristu chaivo, vachimbundirana nokuchema.

<sup>22</sup> Zvino teererai, shamwari, Mwari anosimbisa Shoko raKe nezviratidzo nezvishamiso, kuratidza kuti ndeRechokwadi, Shoko rakataurwa. Zvino rangarirai, Chiedza ichi chakanga chiri muGore, chakapa Chizaruro. Ndakanga ndiri... .

Musikana wangu muduku akanga achindiudza, Sarah ari pano, kuti pavakanga vari...Chikoro ichi chiri muArizona

vakanga vakatarisa mudenga musina gore, vachiona Gore iri risinganzwisiki iri riri pagomo, richikwira nokudzika, noMwoto wakatsvukuruka uchipfuta paRiri. Maticha akabudisa vana muchikoro, akavaisa panze, akati, “Makamboona chinhu chakadaro here? Tarisai zvazviri apo.”

Rangarirai, ndicho Chiedza chitsvuku chiri pabwe. Nokudaro ndiMwari mumwe chete, Chizaruro chimwe chete, akati, “Vaudze kuti vaite *izvi*.” Ndizvo zvandakuudzai mangwanani ano, saka ndizvo Izvi.

<sup>23</sup> Kana zvikaitika kuti shamwari yangu yakanaka, Hama Roy Roberson, kana vari kuterera vari kuTucson. Roy, unorangarira here, rimwe zuva, chiratidzo chawakaona patakanga takamira pamusoro pegomo? Wakauya kwandiri, uye Gore rakanga riri pamusoro? Wakauya uchifamba, unoziva here zvaAkakuudza; uye ndakakuudza tava kumba, rimwe zuva? Ndizvo izvi Roy. Usanetseka zvakare, mwanakomana. Zvakapera.

<sup>24</sup> Hamuzivi kuti zvinorevei! Inyasha. Anokudai. Zvino imi Mudei, zvininipisei muchiMushumira nokuMunamata mazuva ose ohupenyu hwenyu. Farai, endererai mberi murarame sezvamuri. Kana muri kufara, endererai mberi sezvamuri. Musazoita chimwe chinhu chakaipa zvakare, saizvozvo. Ingoendererai mberi. Inyasha dzaMwari.

<sup>25</sup> Zvino ndinoda kunamata zvakare tisati tapinda muShoko. Vangani vartandinamatira? Ndinobva kunomumwe musangano ndichienda kunomumwe. Muchanamata here?

Munoziva, ndinoda kuimba rumwe rwuyo ruduku, tose pamwe chete, tisati tapinda muShoko. Kutu ti . . .kutu tizive Mwari . . .Kuzvipira zvisihoma. Makambonzwa here rwuyo urwu, *He Careth For You?* “Mukufara nomukusuwa, Ane hanya newe.”

<sup>26</sup> Hanzvadzi duku yava kuuya pano papiyano. Ndinoti, ndinoda kutenda hanzvadzi duku iyi, zvakare. Ndanga ndisingazivi kuti ndiani. Mumwe mwanasikana womudhikoni pano. Ini zvechokwadi . . .Mwanasikana waHama Wheeler. Akura iko zvino. Akanga ari kamwana kaduku kaigara pamakumbo angu, nguva shoma yapfuura, ikozvino ava mudzimai muduku. Zvino ndinomutenda kuti akashandisa chipo chake mukuridza nzimbo, uye ikozvino anoridza zvakanaka. Ungatipa kodhi here, hanzvadzi? Tose pamwe chete zvino.

He careth for you,  
He careth for you;  
Through sunshine or shadow,  
He careth for you.

Munorufarira here? Ngatiruibei zvakare, tose pamwe chete.

He careth for you,  
 He careth for you;  
 Through sunshine or shadow,  
 He careth for you.

Hama Dauch, Anodaro kwamuri, zvakare, hama. HamuMudi here? [Ungano inoti, “Ameni. “—Mupepeti.]

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

<sup>27</sup> Mwari ane Nyasha, nakapepa kaduku kari pano nezvinhu zvishoma zvokutaura kuvanhu, uye ndichidzokera zvakare kune zvamangwanani ano, nokuti ndizvo zvauya kuzonzwa vanhu. Ndinonamata, Mwari, kuti Murege vanhu vaone kuti Mwari ano rudo ane hanya. Uye handisirini ndakapa Izvi, Ishe, zvakasimbiswa kuti iChokwadi. Nokudaro ndinonamata, Mwari Anodikanwa, kuti rudo rweNyu rugare nguva dzose ruri muvanhu. Husiku huno, tava kusiyana mushure momusangano uno tichienda kumisha yedu, zvi—zvinotirwadza, vamwe, zvakanyanya, Ishe. Ndinonamata kuti Muropafadze vanhu ava.

<sup>28</sup> Zvino patava kusvika paShoko, mukunamata, tichisvika paShoko rakanyorwa, tinokumbira kuti Mutore Shoko rakanyorwa muRiite benyu kwatiri husiku huno. Zvino kana tabuda mumba muno husiku huno tichiparadzana kuenda kumisha yedu, dai tikataura saavo vaibva kuEmausi, vakanga vafamba naYe muswere wose asi vakanga vasingaMuzivi; asi paAkapinda navo mumba husiku ihwohwo, misiwo yose yapfigwa, Akaita chimwe chinhu sechaAkamboita asati Arovererwa. Naizvozo, vakaziva kuti Akanga amuka zvakare.

Zviitei zvakare husiku huno, Ishe, zviitei, misuwo payakapfigwa, uye boka reNyu duku rakagara pano, rakamiririra. Zvino, Baba, patichaenda kudzimba dzedu, tichataura sezvavakaita, “Mwoyo yedu haina kutsva here mukati medu paAnga achitaura nesu munzira!” Tinozviunza pachedu, navose, mumaoko eNyu, Ishe. Itai nesu zvaMunoono zvakakodzera. MuZita raJesu. Ameni.

<sup>29</sup> Zvino ngatichipindai mumharidzo ikozvino, nokuchimbizika. Muchivhura pamwe chete neni, kana muchida, kuBhuku raVaHebheru, uye ndechimwe chizaruro paMharidzo. Tichataura kwenguva shoma husiku huno, Ishe achitendera. Zvino tichiverenga ndima nhatu dzokutanga dzaVaHebheru 7:1 kusvika ku3, uye tichitaura pamusoro peizvi. Uye hatizivi kuti Ishe artaitei; hatizivi. Chinhu choga chatinoita kutenda, kutarira, nokunamata. Ndizvo? Nokutenda kuti “Achaita kuti zvinhu zvose zvishande zvakana kana avo vanoMuda,” nokuti Akavimbisa kudaro.

*Nokuti Merkisedheki uyo, mambo weSaremi, muprista waMwari wokumusoro-soro, wakasonzana naAbrahama pakudzoka kwake andovuraya madzimambo, akamuropafadza;*

*Abrahama akamupavo chegumi chezvose; iye pakutanga ari Mambo wokururama, kana zwichishandurwa vuyezve Mambo weSaremi, ndokuti, Mambo worugare;*

Ngativerengei pamberi zvishoma.

*Asina baba, asina mai, asina madzisekuru, . . . asina kutanga kwamazuva, kana kuguma kwovupenyu; asi wakafananidzwa noMwanakomana waMwari; unogara ari muprista nokusingaperi.*

<sup>30</sup> Fungai pamusoro poMunhu mukuru uyu, kuti Munhu uyu akanga ari mukuru zvakadini! Uye zvino, muvhunzo ndouyu, “Munhu uyu ndiani?” Vanodzidza Bhaibheri vakava nepfungwa dzakasiyana. Asi kubva pakazarurwa Zvisimbiso Zvinomwe, Bhuku risinganzwisisiki ranga risinganzwisisiki kwatiri. . . Maererano nezviri muna Zvakazarurwa 10:1 kusvika 7, zvakavanzika zvose zvakanyorwa muBhuku iri, zvakanga zvakavanzwa muchizvarwa chavavanduzi, zvinofanira kuti zvizbudiswe pachena nomutumwa wehechi yenguva yokupedzisira. Vangani vanoziva kuti ndizvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvo zvinofanira kubudiswa. Zvose zvakavanzika zviri muBhuku risinganzwisisiki zvizhazarurwa kumutumwa wechizvarwa cheRaodhikia.

<sup>31</sup> Tichiona kuti pane nharo dzakawanda dzinoitwa pamusoro poMunhu uyu napamusoro penyaya iyi, ndinofunga kuti zvakakodzera kuti tipinde mairi, kuti tione kuti Uyu ndiani. Zvino, pane dzidziso dzakawanda pamusoro paKe.

Rimwe boka, rinoti, “Inongova ngano. Akanga asiri munhu chaiye.”

Zvino vamwe vanoti, vo, “Hwaiva huprista hwaiva huprista hwaMerkisedheki.” Ndizvo zvinenge chokwadi, zvinenge zviri nani kudarika rimwe divi, nokuti vanoti hwaiva hurongwa hwohuprista.

Hazvikwanisi kuva zvakadaro, nokuti mundima 4 Inoti Akanga ari Munhu, “Murume.” Zvino kuti ave Munhu, Anofanira kuva ane hunhu, “Murume.” Kwete hurongwa; asi Munhu! Zvino Akanga asiri hurongwa hwohuprista, uye Akanga asiri rungano bedzi. Aiva Munhu.

<sup>32</sup> Zvino Munhu uyu ndoWokusingaperi. Kana ukacherechedza, “Akanga asina baba. Akanga asina mai. Akanga asina nguva yaAkava namavambo. Zvino haAna nguva yaAchazova namagumo.” Zvino hazvinei zvaangava Ari achiri mupenyu husiku huno, nokuti Bhaibheri rakataura pano, kuti, “Akanga asina baba, kana mai, mavambo amazuva, kana magumo ohupenyu. Zvino Anofanira kunge ari Munhu ano Hupenyu Husingaperi. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munhu ano Hupenyu Husingaperi! Zvino anofanira

kunge ari Munhu mumwe chete, ndiye Mwari, nokuti Ndiye Oga Wokusingaperi. Mwari!

<sup>33</sup> Zvino, muna Timotio Wokutanga 6:15 na16, kana muchida kuverenga izvi pane imwe nguva, ndingada kuti muzviverenge.

Zvino, zvinhu zviripo ndeizvi, kuti, Aiva Mwari, nokuti Ndiye Munhu oga asingafi. Uyezve, Mwari achizvishandura paChake achizviita Munhu; ndizvo zvaAiva, “Asina baba, asina mai, asina mavambo ohupenyu, asina kuguma kwamazuva.”

<sup>34</sup> Zvino takaona muGwaro kuti vanhu vazhinji vanodzidzisa kuti, “vanhu vatatu munaMwari.” Zvino, haukwani kuva munhu usina hunhu. Zvinotora munhu kuti pave nehunhu.

Muparidzi weBhaptisti, mavhiki mashoma apfuura, akauya, kumba kwangu, akati, “Ndinoda kukutwasudza pakudzidzisa kwako kwoHumwari kana une nguva.” Akandidana, ndingadaro.

<sup>35</sup> Ndikati, “Ndine nguva ikozvino, nokuti ndinoda kutwasudzwa, uye tichaisa zvimwe zvose padivi, kuti tizviite.”

Zvino akauya kuno, akati, “Hama Branham, munodzidzisa kuti kuna Mwari mumwe chete.”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Zvakanaka,” akati, “Ndinotenda kuti kuna Mwari mumwe chete, asi Mwari mumwe chete muVanhu vatatu.”

Ndikati, “Changamire, zvidzokororei zvakare.”

Akati, “Mwari mumwe chete, muVanhu vatatu.”

<sup>36</sup> Ndikati, “Makaenda kuchikoro kupi?” Maona? Zvino akandiudza chi—chikoro cheBhaibheri. Ndikati, “Ndingatenda izvozvo. Haukwani kuva munhu usina hunhu. Zvino kana une hunhu, une hunhu humwe chete iwe partako. Uri munhu akatsaurwa, munhu mumwe chete.”

Zvino akati, “Zvino, vanodzidza zvebhaibheri havakwani kutsanangura izvi.”

Ndakati, “Ndezvokuzarurirwa.”

Zvino akati, “Handikwani kugamuchira kuzarurirwa.”

<sup>37</sup> Ndikati, “Zvino hapana nzira yokuti Mwari asvike kwauri, nokuti, “Zvakavanzwa kumaziso avakachenjera novanozvikuudza, uye zvinozarurwa vacheche, zvinozarurwa, kuzarurirwa, zvinozarurwa kuvacheche vanozvigamuchira, vanodzidza.” Zvino ndakati, “Hapana nzira yokuti Mwari auye kwauri; uri kuzvipfiga kubva kwaAri.”

Bhaibheri rose kuzarurwa kwaMwari. Chechi yose yakavakwa pachizaruro chaMwari. Hapana nzira yokuziva Mwari, kunze kwechizaruro. “Kuna iye artazarurirwa noMwanakomana zvaAri.” Kuzarurirwa, chinhu chose



kuzarurirwa, kuramba kuzarurirwa wangova mudzidzi weBhaibheri akatonhora hapana tariro kwauri.

<sup>38</sup> Zvino, zvino, taona kuti Munhu uyu “akanga asina baba, akanga asina mai, asina mavambo amazuva kana kuguma kohupenyu.” Aiva Mwari *en morphe*.

Zvino, nyika, shoko iri rinobva, shoko iri rechiGiriki, rinoreva, “kushanduka,” ndiro rakashandiswa. Akazvishandura paChake, *en morphe*, kubva mukuva mumwe munhu ku... Munhu mumwe; shoko rechiGiriki iri pano, *en morphe*, rinoreva... Rakatorwa kunovanoita mitambo, munhu mumwe chete paanenge achishandura zvipfeko zvake, kuti aedzere mumwe munhu.

<sup>39</sup> Somu—somuchikoro, nguva shoma yapfuura, ndinotenda, Rebekah, asati apedza chikoro, vakava nomumwe mutambo waShakespeare. Zvino mumwe mukomana wechiduku akachinja hanzu dzake kakawanda, nokuti aitamba zvikamu zviviri kana zvitatu zvakasiyana; asi, ari munhu mumwe chete. Akauya imwe nguva, achitora nzvimbo yomunhu akaipa kwazvo; zvino paakazobuda zvakare panguva yaitevera, akanga ava mumwe munhu. Zvino shoko rechiGiriki, *en morphe*, rinoreva kuti iye “akashandura zvfukidzo zvake.”

<sup>40</sup> Zvino ndizvo zvakaitwa naMwari. NdiMwari mumwe chete nguva dzose. Mwari ari muchimiro chaBaba, mu—Mweya, muShongwe yoMwoto. Mwari mumwe chete akaitwa nyama akagara pakati pedu, *en morphe*, kuratidzwa kuti Agoonekwa. Zvino Mwari mumwe chete ndiye Mweya Mutsvene. Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene... kwete vana Mwari vatatu; mahofisi matatu, mashandire matatu aMwari mumwe chete.

<sup>41</sup> Bhaibheri rinoti, “Kuna Mwari mumwe chete,” kwete vatatu. Asi ndicho chikonzero vasina... Haukwani kunzwisisa izvi ukazova navana Mwari vatatu. Haukwani kuzvipa kumuJudha. Ndinokuudzai izvozvo. Anoziva zviru nani, anoziva kuti kuna Mwari mumwe chete.

<sup>42</sup> Cherechedzai, sezvinoita muvezi wamatombo, anoviga, ne—nechifukidzo. Ndzivo zvakaita Mwari muchizvarwa chino. Zvanga zvakanzwa. Zvinhu izvi zvose zvanga zvakanzwa, uye zvinofanira kuzarurwa muchizvarwa chino. Zvino, Bhaibheri rinoti zvichazarurwa panguva dzichauya. Zvakafanana nomuveni achichengetedza—chivezwa chake chakaputirwa kusvikira panguva yaartabvisa chifukidzo chobva chaonekwa.

Uye ndizvo zvanga zvakaita Bhaibheri. Ranga riri basa raMwari ranga rakaputirwa. Zvino ranga Rakavanzwa kubva kumavambo enyika, uye Riri mune zvakanzwa zvinomwe. Zvino Mwari akavimbisa muzuva rino, muchizvarwa chino chechechi yeRaodhikia, Aizobvisa fukidzo kubva pazvinhu zvose uye taizoZviona. Chinhu chakanaka zvakadini!

<sup>43</sup> Mwari, *en morphe*, ari muShongwe yoMoto. Mwari *en morphe* muMunhu ainzi Jesu. Mwari, *en morphe*, muChechi yaKe. Mwari pamusoro pedu, Mwari anesu, Mwari matiri; kuzvidzikisa kwaMwari.

Kumusoro Uko, mutsvene, hapana aikwanisa kuMubata, Akauya pagomo; uye kunyange mhuka yaiuya pagomo iri, yaifa.

Zvino Mwari akadzika akachinja tende raKe, akauya kuzogara nesu, akava mumwe wedu. “Zvino takaMubata,” Bhaibheri rinodaro. Timotio Wokutanga 3:16, “Chakavanzika chokunamata Mwari chikuru kwazvo; chokuti iye wakaratiidzwa panyama, takamubata namaoko.” Mwari akadya nyama. Mwari akanwa mvura. Mwari akarara. Mwari akachema. Akanga ari mumwe wedu. Zvinoratidzwa muBhaibheri, zvakanakisisa.

Aiva Mwari pamusoro pedu; Mwari anesu; ikozvino ava Mwari matiri, Mweya Mutsvene. Kwete Munhu wechitatu; Munhu mumwe chete!

<sup>44</sup> Mwari akadzika akava nyama, akafa rufu, muna Kristu; kuti Agochenesa Chechi, kuti agopinda mairi, kuti ayanane nayo. Mwari anofarira kuyanana. Ndizvo zvaAkagadzirira munhu pakutanga, aida kuyanana; Mwari anogara oga, naMakerubhimi.

<sup>45</sup> Uye cherechedzai ikozvino, Akasika munhu, munhu akawa. Zvino Iye akadzika kuzodzikinura munhu, nokuti Mwari anoda kunamatwa. Shoko rokuti *mwari* rinoreva “chinhu chinonamatwa.”

Zvino ichi chinouya pakati pedu, seShongwe yoMwoto, sechinhu chinoshandura mwoyo yedu, ndiye Mwari akati, “Ngakuve nechiedza,” chiedza chikavapo. Ndiye mumwe cheteyo zuro, nanhasi, nokusingaperi.

<sup>46</sup> Zvino, pakutanga Mwari aigara oga, nepfungwa dzaKe, sezvadataura mangwanani ano. Ndidzo pfungwa dzaKe. Pakanga pasina chinhu, aingova Mwari oga, asi Aiva nepfungwa.

Sezvinoita muvaki mukuru anogara pasi, mupfungwa dzake, onyora pasi zvaari kufunga (izvi) ari ku—kuzovaka. Kusika, zvino, haakwanisi kusika. Anokwanisa kutora chimwe chinhu chakasikwa ochigadzira neimwe nzira; nokuti Mwari ndiye oga, ndiye Oga anokwanisa kusika. Asi anofunga mupfungwa dzake zvaartazoda kuita, zvino ndidzo pfungwa dzake, ndicho chishuvo chake. Zvino ipfungwa, zvino ozotaura, rozova shoko zvino. Uye sho—shoko i . . .

<sup>47</sup> Pfungwa, kana ichinge yaratidzwa, ishoko. Pfungwa yaratidzwa ishoko, asi inofanira kutanga iri pfungwa. Saka, zvinhu zviri muna Mwari; zvino zvozova pfungwa, zvozova shoko.

48 Cherechedzai. Avo, husiku huno, vanoHupenyu Husingaperi, vakanga vanaYe uye vari maAri, mukufunga kwaKe, pasati pava neNgirozi, nenyeredzi, neKerubhi, kana chimwe chinhu. Ndicho chinhu chiripo choKusingaperi. Zvino kana uine Hupenyu Husingaperi, wakangogara nguva dzose uripo. Kwete zvaUri iko zvino, asi chimiro namaumbirwe izvo Mwari asingakundi . . .

49 Zvino kana Asingazivi zvinhu zvose, haAsi Mwari. Mwari Anofanira kuziva zvinhu zvose. Isu hatizivi zvinhu zvose; Iye anoziva zvinhu zvose. Zvino Iye anoziva zviru kuitika kunzvimbo dzose, anoziva zvinhu zvose, ane simba pamusoro pazvose. Kana Asina kudaro, zvino haAkwanisi kuva Mwari. Anoziva zvinhu zvose, nzvimbo dzose, nokuda kokuti Ari pose-pose. Kuziva zvinhu zvose kunoMuita kuti ave pose-pose. Iye Munhu; haAna kufanana nemhepo. Iye Munhu; Anogara mumba. Asi nokuti anoziva zvinhu zvose, kuziva zvose, kunoMuita kuti ave pose-pose, nokuti Anoziva zvose zviru kuitika.

Hapakwanisi kuva nenhata inobwaira maziso ayo Asingazivi. Zvino Akazviva pasati pava nyika, kuti yaizobwaira maziso ayo kangani, uye kuti akaziva kuti inenge iine mafuta akawanda sei, pasati pava nyika. Ndiko kuva namasimba ose. Hatikwanisi kuzvitakura mupfungwa dzedu, asi ndiye Mwari. Mwari, anamasimba ose!

50 Zvino rangarira, iwe, maziso ako, chimiro chako, chero zvawakanga uri, wakanga uri mupfungwa dzaKe pakutanga. Zvino chinhu bedzi chauri kuva shoko, raratidzwa. Mushure mokunge Afunga, Akataura, zvino uri pano. Kana zvisina kudaro, kana wakanga usiri mukufunga kwaKe, hapana nzira yokuti uve ikoko, nokuti Iye Ndiye anopa Hupenyu Husingaperi.

51 Munorangarira here patakamboveenga Magwaro? “Haasi uyo anoda, kana uyo anomhanya, asi Mwari!” Zvino izvi kuita kuti kufanotemera kwaKe kuve kwechokwadi, Akasarudza, pasati pava nenguva, kuti ndiani. Mwari anoita zvaanoda pakusarudza kwaKe. Munozviva here? Mwari anoita zvaanoda.

Ndiani akanga aripo kuMuudza nzira yakanaka yokugadzira nayo nyika? Ndiani angaMuudza kuti Iye haasi kufambisa basa raKe zvakanaka?

Kunyange Shoko, cha—chairo, paCharo rinoita zvarinoda. Kunyange kuzarurirwa, pachako, isarudzo yaMwari. “Anozvizarura kuno waAnoda kuzvizarurira.” Kuzarurirwa, partako, kuita kwaMwari. Ndicho chikonzero vanhu vachibondera pazvinhu, vachisvetukira pazvinhu, vachirovera pazvinhu, vasingazivi zvavanenge vachiita. Mwari anoita zvaanoda mubasa raKe.

52 Zvino takaMuona pakutanga, zvaiva maAri. Uye zvino, wakanga uri maAri ipapo. Ipapo ndipo panozonekwa Bhuku roHupenyu.

Zvino, tinoverenga pano muna Zvakazarurwa chitsauko 13, ndima 8, kuti, “Chikara chinouya panyika,” mazuva ano okupedzisira, “chinzonyengera vose vanogara panyika avo vana mazita asina kunyorwa muBhuku roHupenyu reGwayana kubva pamavambo enyika.”

<sup>53</sup> Fungai nezvazvo! Jesu asati aberekwa, zvuru zvina zvamakore asati Auya panyika, zvuru zvamakore iwe usati wauya panyika; Jesu, mupfungwa dzaMwari, akafira zvivi zvenyika, uye Bhuku roHupenyu rakagadzirwa, uye zita rako rakaiswa muBhuku roHupenyu nyika isati yavambwa. Ndicho Chokwadi chomuBhaibheri. Maona, zita rako rakafanozihwa naMwari rikaiswa muBhuku roHupenyu nyika isati yavambwa.

<sup>54</sup> Wakanga urimo mupfungwa dzaKe. Hauchazvirangariri, kwete, nokuti unongova chikamu choHupenyu hwaKe. Uri chikamu chaMwari paunova mwanakomana kana mwanasikana waMwari.

Sezvauri chikamu chababa vako vapanyika! Ndizvozvo. Ndizvo zvauro. Murume ndiye anotakura hupenyu, ropa. Zvino kana richinge rapinda mu—muzai, ipapo unozova chikamu chababa vako; uye mai vako chikamu chababa vako, zvakare; zvino mose muri chikamu chababa venyu.

Girori! madhinominesheni kunze, ose pamwe chete. Uhuh. Zvechokwadi zvinodaro! Mwari, muna zvose, ndiyo nzvimbo chete!

<sup>55</sup> Cherechedzai zvino pfungwa dzaKe. Zvino pfungwa dzaivapo, kutanga, Mwari; pfungwa, pfungwa partadzo, zvose zviri Mwari, zvisina kuratidzwa. Zvino paAkazozviratidza, pachinhanho chechipiri, Akazova Shoko. “Zvino Shoko rakazova nyama rikagara pakati pedu.”

<sup>56</sup> Johane chitsauko 1 ndima 1, cherechedzai, izvi, “Pakutanga.” Asi, kumashure, Kusina mavambo! Cherechedzai, “Pakutanga kwakanga kune Shoko.” Pakatanga nguva, raiva Shoko. Asi risati rava Shoko, zvaiva maari, pfungwa. Zvino yakazoratidzwa, “Pakutanga paiva,” nokuratidzwa, “kweShoko.”

Zvino tava kusvika pana Merkisedheki. Ndiye Munhu uyu asinganzwisisiki. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, Shoko rakanga riri Mwari.” “Shoko rakazova nyama rikagara pakati pedu.” Batai ipapo zvino, cherechedzai.

<sup>57</sup> Iye—Iye mavambo ake akanga ari Mweya, Mwari, ari mumweya, zvakana, mukuru Wokusingaperi. Chechipiri, Akatanga kuzviumba paChake achiuya munyama, *mumutumbi weshoko*, unonzi “Tsiofani; mumutumbi.” Ichi ndicho chinhanho chaAkanga ari paAkasangana naAbrahama, ainzi Merkisedheki. Akanga ari muchimiro chomutumbi weshoko.

Zvino tichasvika pazviri tozvisimbisa mumaminetsi mashoma, Ishe vachitendera. Aiva Shoko.

<sup>58</sup> Mutumbi weshoko chinhu chausingakwanisi kuona. Unogona kuva pano ikozvino, asi usingauoni.

Zvakafanana, zvino, seterevhizhoni. Zviri mune mamwe maonero. Terevhizhoni; vanhu vari kufamba mukati meimba ino imba ikozvino, vachiimba; pana mavara, zvakarevo. Asi ziso rinongokwanisa kuona zvinobatika nomutumbi. . . Hunhu hwako hwose huri pasi pamaonere ezvokuziva nazvo zvishanu zvomutumbi, ndingadaro. Zvino uri pasi pezvaunokwanisa kuona. Asi pane zvimwe zvaunokwanisa kuona kana zvaunzwa, neterevhizhoni.

<sup>59</sup> Zvino, terevhizhoni haigadziri mufananidzo. Terevhizhoni inongozviisa mumishini yayo, zvino terevhizhoni inozoviratidza. Asi mufananidzo uripo, nguva yose. Terevhizhoni yakanga iripo Adhama paaiva pano. Terevhizhoni yaiva pano Eria paakagara pagomo reKarmeri. Terevhizhoni yaiva pano Jesu weNazareta paaifamba pamahombekombe eGarirea. Asi ikozvino ndipo pamatanga kuzviziva. Havaigona kuzvitenda kumashure uko. Waiita somunhu anopenga kutaura zvakadaro. Asi ikozvino zvava zvechokwadi.

Zvino ndizvo zvazvakaitavo, kuti Kristu ari pano, Ngirozi dzaMwari dziri pano. Zvino rimwe zuva, muMireniyamu iri kuuya, zvinenge zviri zvechokwadi kudarika terevhizhoni kana chimwevo chinhu, nokuti dziri pano.

<sup>60</sup> Anozviratidza paChake muchimiro chaKe chikuru chaAkataura, apo anenge Achiita *en morphes* kuvaranda vaKe achizvisimbisa paChake.

<sup>61</sup> Zvino, pano Ari muchimiro choMweya. Zvino paAnouya muchimiro che. . . *en morphe*. Zvino, Akazviratidza kuna Abrahama, *en morphe*. Abrahama paakanga ava kudzoka kundouraya madzimambo, Merkisedheki akauya, akataura naYe.

<sup>62</sup> Rimwe zuva mupepanhau reTucson, ndaiverenga imwe nyaya kuti paiva nomumwe mu—mudzimai aityaira motokari mumugwagwa, ndinotenda kwemamaira makumi mana, kana makumi mashanu paawa, zvino akatsika harahwa yakanga yakapfeka jasi. Akadanidzira akamisa motokari. Harahwa iyi yakakandirwa mudenga. Musango mugwenga! Zvino akamhanya kuenda kundomutsvaka, zvino akanga asipo. Zvino akaitei? Vamwe vanhu vakanga vari kumashure kwake vakazviona zvichiitika, vakaona harahwa iyi ichienda mudenga, jasi rake richipeperetswa. Zvino vakamhanya kuti vandoona. Havana kukwanisa kuona murume uyu. Vakadana mapurisa. Mapurisa akauya kuzoongorora nzvimbo iyi; pakanga pasina munhu.

<sup>63</sup> Zvino, mumwe nomumwe wavo akapupura, “Motokari, yakarova murume uyu. Akasvetuka mudenga, uye munhu wose akazviona.” Zvapupu, zvaiva mumotokari mbiri kana nhatu, vakazviona zvichiitika. Vakazoziva kuti, makore mashanu apfuura, paiva neharahwa yakanga yakapfeka jasi, yakatsikwa ikafa panzvimbo iyoyi.

Paunobva pano, hauna kufa. Unofanira kudzoka pano, kunyange uri mutadzi, wotongwa namabasa akaitwa mumutumbi wako. “Kana mutumbi uno wenyika waparadzwa, tinomumwe wakatimirira.” *En morphe*, ndiro inzwi racho.

<sup>64</sup> Zvino, Mwari, pachinhanho ichi... Pachinhanho ichi chokusika kwaKe, akazoviumba munyama, Jesu. Kubva kuchii? Kubva kumavambo, Mweya, ndokuzoburuka kuva Shoko, richiZviratidza. Shoko rakanga risati rava kuzviratidza paCharo, rakangotaurwa, *en morphe*, pamberi ndipo paAkazoitwa nyama, Jesu, munhu, kuti aravire rufu panzvimbo yedu tose vatadzi.

<sup>65</sup> Abrahama paakasangana naYe, Aiva Merkisedheki. Anoratidza pano kuti nepfungwa dzake dzose dzaizoitei kumagumo, mwanakomana wose waAbrahama. Mwanakomana wose woKutenda artaita zvinhu zvimwe chetezvo. Asi ndinoda kuona kuti tinouya sei.

<sup>66</sup> Uyevo, tinomuona Achizarurwa pano muna Rute na-naBoazi, soMudzikinuri weHama, kuti Aifanira kuzoitwa nyama.

<sup>67</sup> Zvino tinoona pfungwa dzake, vanakomana voMweya waKe, havasati vapinda mumutumbi wakagadzirwa neShoko. Asi, mutumbi weshoko uyu; mutumbi uno uri pasi peShoko netariro, wakamirira netariro, yokushandurwa kwomutumbi.

<sup>68</sup> Zvino, mutsauko pakati paKe newe, somwanakomana. Maona, Aiva, pakutanga, Shoko, mutumbi ween *morphe*. Akauya kuzogara imomo, muMunhu ainzi Merkisedheki. Zvino, pamberi, hatina kuzombonzwa pamusoro paMerkisedheki, nokuti Akazova Jesu Kristu. Merkisedheki aiva Muprista, asi Akazova Jesu Kristu. Zvino, iwe hauna kuuya saizvozvi. Nokuti, muchimiro ichi, Aiziva zvinhu zvose, uye iwe hausati wambokwanisa kuziva izvi.

Wakauya saAdhama, seni, wakabva mupfungwa ukauya munyama, kuti uyedzwe. Asi kana hupenyu huno hwapera, “Kana mutumbi uno wenyama waparara, tino mumwe wakatimirira.” Ndiko kwatinoenda; ndiro Shoko. Zvino tinogona kutarisa kumashure toona zvatakaita. Zvino hatizvinzwisisi. Hatisati tambova Shoko; takangova munhu wenyama, kwete Shoko.

<sup>69</sup> Asi, tarisa, zvakanyatsojekeswa, haukwanisi kuva Shoko kunze kokunge waiva pfungwa pamavambo. Zvinosimbisa kufanotemera kwaMwari. Maona? Haukwanisi kuva Shoko

kunze kokunge waiva pfungwa. Waifanira kunge uri mupfungwa, kutanga.

Asi, munoona, kuti uyedzwe, waifanira kusauya mumutumbi weshoko. Waifanira kuuya pano mumutumbi wenyama, kuti uyedzwe nechivi. Zvino ipapo, kana ukamira, “Vose vaNdakapiwa naBaba vartauya kwaNdiri, uye ndichavamutsa muzuva rokupedzisira.” Maona, waifanira kuvapo pakutanga.

<sup>70</sup> Uye zvino, munoona, Akauya, namauyiro aifanira kuitwa, kubva papfungwa ku...Nyika isati yavambwa, zita rake rakaiswa muBhuku roHupenyu reGwayana. Zvino, kubva ipapo, Akazova Shoko, mutumbi weshoko, waikwanisa kuonekwa, nokusaonekwa, nokunyangarika. Zvino Akazova nyama akadzoka zvakare, akamutsa mutumbi uyu wakabwinyiswa.

Asi iwe wakasiya mutumbi weshoko ukava munhu wenyama, kuti uyedzwe nechivi. Zvino ipapo, “Kana mutumbi uno wenyama waparadzwa, tinomumwe wakatimirira.” Hatisati tava nomutumbi uyu.

<sup>71</sup> Asi, tarisa! Kana mutumbi uno wagamuchira Mweya waMwari, Hupenyu husingafi mukati mako, unoisa mutumbi uno pasi paMwari. Hareruya! “Uyo akaberekwa naMwari haakwanisi kutadza; haakwanisi kutadza.” VaRoma 8:1 “Naizvozvo hakuchina kupiwa mhosva kuna vari muna Kristu Jesu; havafambi vari munyama, asi vari muMweya.” Wazviona. Maona, zvinoisa mutumbi wako pasi.

Hauzoti, “O-o, dai ndikangorega kunwa! Dai ndikango...” Ingopinda muna Kristu, zvose zvinobva zvaenda, maona, maona, nokuti mutumbi wako uri pasi poMweya. Hausisiri pasi pezvinhu zvenyika; zvakafa. Zvakafa; zvivi zvako zvakavigwa mukubhabhatidzwa, wava chisikwa chitsva muna Kristu. Zvino mutumbi wako, unozova pasi poMweya, unoadza kurarama hupenyu hwakanaka.

<sup>72</sup> Semi madzimai munoti munoMweya Mutsvene mobuda kunze makapfeka zvikabudura nezvimwe, munozvikwanisa sei? Mweya waMwari mamuri ungakuregai sei muchiita zvinhu zvakadaro? Hazvikwanisi kudaro. Zvechokwadi, hazvikwanisi kudaro. Hasi mweya wetsvina; Iye Mweya mutsvene.

<sup>73</sup> Zvino kana wava pasi poMweya uyu, unoisa mutumbi wako wose pasi poMweya uyu. Uye Mweya uyu hausi chimwe kusiya kweMbeu yeShoko iri richiratidza, kana ramutswa, hareruya, raitwa benyu. Zvino Bhaibheri parinoti, “Usaite *izvi*,” mutumbi unokurumidza kuenda kwaRiri. Hapana muvhunzo.

Zvino chii? Rubatso rwokumuka. Mutumbi uchamutsa zvakare, nokuti wakatotanga kare. Wakambenge uri pasi pechivi, namadhaka nokuora, asi zvino wava norubatso; watarisa kuDenga. Zvino, ndirwo rubatso rwokuti uri kuenda muKubvutwa. Ndirwo rubatso.

<sup>74</sup> Munhu anorwara akarara, achifa, pasisina chasara kunze kworufu; ndizvo zvoga zvinokwanisika kuitika. Ndakaona vanhu vakaita somumvuri, vadyiwa nekenza netibhii; ndichiona vanhu ava, nguva shoma mumashure mazvo, vanyatsova vatano vakasimba. Kana pasina kupodzwa kuTsvene, zvino hapana kumuka zvakare, nokuti kupodzwa kuTsvene ndirwo rubatso rwokumuka zvakare. Amenii!

<sup>75</sup> Munoziva kuti mari yorubatso chii, munoruziva here? Imari yokubatira. “Akakuvadzirwa kudarika kwedu; namavanga Ake takapodzwa.” Cherechedzai kuti zvakanaka sei! Tinomuda.

<sup>76</sup> Zvino, mutumbi uno uri pasi poMweya. Hausati wapinda muchimiro cheShoko, asi tichiri muchimiro chenyama, asi tiri pasi peShoko. Rufu ruri munyama ruchatiendesa ikoko.

<sup>77</sup> Zvinhu zvimwe chetezvo, funga pamusoro pomwana mudiki. Unokwanisa kutora mudzimai, hazvina mhosva kuti akaipa sei, paanenge ane pamuviri ava kuda kusununguka. Tarisa, mwana uyu asati aberekwa, handina mhosva kuti mukadzi uyu ane hutsinye hwakaita sei, anotanga kuva netsiye nyoro. Pane chimwe chinhu chakanaka maari... chinaita sechine humwari, kuona mudzimai ava kuda kusununguka, ane mwana. Chii? Mutumbi uya ikozvino, hausati wava mupenyu, maona, chinhu bedzi chauri inongova nyama iri kupfura. Kupfura uku, inongova nyama iri kutamba. Asi kana abuda mudumbu, Mwari anofemera mweya wohupenyu maari, ipapo anochema. Maona, sezvazviri—sechokwadi chokuti pano mutumbi wenyama uri kuumbwa, pane mutumbi womweya unozougamuchira paunouya pano.

<sup>78</sup> Zvino, kana munhu aberekwa patsva, kubva kuDenga anozova mucheche womweya muna Kristu.

Uye ipapo, kana mutumbi uno wenyama wadonha, pano mutumbi, mutumbi weshoko, mutumbi usina kugadzirwa namaoko, usina kuberekwa nomudzimai, watinoenda kwauri.

Zvino mutumbi uyu unodzoka kuzatora mutumbi wakabwinyiswa.

Ndicho chikonzero Jesu akaenda kugehena paAkanga afa, akandoparidzira mweya yaiva mutorongo; akadzoka zvakare mumutumbi weshoko. O-o, zvakanaka sei! Ndinotenda Mwari!

<sup>79</sup> VaKorinte veChipiri 5:1, “Nokuti tinoziva kuti kana imba yedu yenyika, tabhnerakeri yedu ichiputswa, tine chakavakwa chinobva kuna Mwari.” Maona, hatina kupinda muna uyoyo, takauya kubva kuna Mwari, pfungwa; kuti tive nyama, kuti tiedzwe nechivi, saAdhama. Asi kana kuedzwa neShoko raKe kwaperera, tinotorwa kuenda kumutumbi uyu watakagadzirirwa kubva kumavambo enyika. Raiva Shoko ratisina kupinda mariri tikauya pano, takauya pano kuzoedzwa. Dai takauya nomariri, pangadai pasina miedzo; tingadai tichiziva zvinhu zvose. Ndicho



chikonzero Jesu aiziva zvinhu zvose, nokuti Aiva Shoko Asati ava nyama. Zvino tinozova Shoko.

<sup>80</sup> Pano tiri muchimiro cheShoko, kuti titore Shoko, tidye paShoko, nokufanotemerwa kubva pamavambo; uri kuona here chikamu choHupenyu chawakanga unacho kubva pakutanga pawakatanga rwendo rwako. Vazhinji venyu vanogona kuzvirangarira. Wakapinda chechi *iyi* ukapinda chechi *iyi*, wakaedza *izvi neizvo*; hapana chakakugutsa. Ndizvo. Asi rimwe zuva wakaZvinzwisisa. Ndizvo.

<sup>81</sup> Humwe husiku ndaidzidzisa ndiri pane imwe nzvimbo, ndinofunga kuti kuCalifornia kana kuti kuArizona, pamusoro... Ndinotenda kuti ndakataura nyaya iyi pano, pamusoro pomurume akaisa zai rechapungu mune ehuku. Zvino chapungu partakachochonywa, chakanga chiri shiri inosekesa yati yamboonekwa nehuku idzi. Asi, chaifamba-famba. Chakanga chiri—chakanga chiri icho chakanga chakaipisisa pakati padzo, nokuti chakanga chisinganzwisisi kudaidza kwehuku nokuparapara pamarara nokudya. Chakanga chisinganzwisisi. Huku yaiti, “Uya uzodya, mudiwa!” Zvino, chaiva chapungu; chakanga chisingadyi saizvozvo. Kwakanga kusiri kudya kwacho.

<sup>82</sup> Zvino yaibata hwiza nezvimwevo, munoziva, yodana zvitiyo. Zvino zvitiyo izvi zvaiteverana nayo, zvichitevera, zvichidya. Asi chapungu ichi chakanga chisingakwanisi kuzviita. Zvakanga—zvakanaka zvisingaratidziki zvakanaka kwachiri.

Rimwe zuva mai vacho vakauya vachichitsvaga.

<sup>83</sup> Zvino chaikwanisa kunzwa huku ichidana. Chaiedza zvose zvartaikwanisa kuti chirire sehuku, asi chakanga chisingazvikwanisi. Chakaedza kurira sechitiyo asi chakatadza kuzviita. Maona chaiva chapungu. Icho, kubva pakutanga, chaiva chapungu. Chakanga changochochonywa pasi pehuku.

Sezvakaite nhengo dzechechi. Vose... Ndizvo zvazvakada kuita; mumwe chete kubva pane vakawanda, ndizvo.

<sup>84</sup> Asi rimwe zuva mai vacho vakabhururuka, vakadanidzira. Chikazvicherechedza. Zvainzwika zvakanaka. Sei? Chaiva chapungu, kubva pakutanga.

Ndizvo zvazviri neEvhangeri, kana neShoko, kana neSimba raJesu Kristu. Kana munhu akatemerwa kuHupenyu Husingaperi, anonzwa chokwadi, kudana kwaMwari, hapana chinokwanisa kumuvhara kwaZviri.

Chechi ingataura kuti, “Mazuva amashura akapfuura,” gu, gu, gu. “Mirai pano mudye *izvi*, mirai pano mudye *izvo*.”

<sup>85</sup> Chikafu chomuzumbu hachiiti kwachiri, zvakare. Chinoenda! “Zvinhu zvose zvinokwanisika!” Chinosimuka kubva pasi.

Ndicho chikonzero, ndizvo zvakakanganisika namaKristu mazhinji nhasi, havakwanisi kusimudza tsoka dzavo kubva pasi.

Amai vacho vakati, “Mwanakomana, bhururuka! Uri chapungu. Uya kuno kwandiri.”

Chakati, “Amai, handisati ndambobhururuka, muhupenyu hwangu.”

<sup>86</sup> Vakati, “Zvino, iwe bhururuka! Uri chapungu, kubva pamavambo. Hausi huku.” Zvino chakabhururuka kokutanga chikatambanudza mapapiro acho; hazvina kunyatsoita zvakana, asi chakabhururuka.

Ndizvo zvatinoita. Tinogamuchira Mwari nokutenda, neShoko rakanyorwa. Pane chimwe chinhu mazviri; Hupenyu Husingaperi. Wakatemerwa kwazviri.

<sup>87</sup> Sekuru vacho nambuya vacho vakanga vari zvapungu. Chakanga chiri chapungu, nzira yose kudzokera kumashure. Zvapungu hazviiti masanganiswa. Hachisi chemasanganiswa, zvachose. Chapungu.

<sup>88</sup> Zvino, mushure mokunge waziva kuti Shoko raMwari Chikafu cheChapungu, ipapo wakasiya zvimwe zvinhu. Wakaumbwa kuva mumufananidzo unorarama waMwari anorarama. Wakanzwa kubva mumutumbi wako weshoko. “Kana mutumbi uno wenyama ukaparadzwa, tinomumwe wakatimirira.”

Munoti, “Ndizvo here, Hama Branham?”

Zvakana, ngatimbatora zvimwe zvapungu tizvitarise kwemaminetsi mashoma. Paiva nezita, murume ainzi Mosesi. Munhu wose anoziva kuti muprofiti anonzi chapungu, muBhaibheri.

<sup>89</sup> Paiva nomuprofiti ainzi Mosesi. Zvino rimwe zuva Mwari akaMudana, akamudzivisa kuti asapinda munyika, zvino iye—iye akafa akavigwa padombo. Ngirozi dzakamutora dzikandomuviga.

Paiva nomumwe murume, chapungu, haana kana kutombofa. Akangofamba kudarika Joridhani, Mwari akatumira ngoro, akabvisa hanzu ino yenyama, akasimuka akabata mubairo wokusingaperi.

Mumashure mamakore mazana masere, mumashure mamakore mazana masere, paGomo roKubwinyiswa, ipapo pakamira varume vaviri ava. Mutumbi waMosesi wakanga waora kwamazana amakore, asi pano aivapo ari muchimiro chokuti kana Petro, Jakobho naJohane vakamuziva. Amen! “Kana mutumbi uno wenyama waparadzwa,” kana uri pfungwa yaMwari iri kuratidzwa pano panyika, “uno mutumbi wakakumirira kana wabva pano panyika.” Vakanga varipo, vakamira paGomo roKubwinyiswa, mumitumbi yavo yeshoko. Nokuti, vakanga vari vaprofiti kunouya Shoko.

<sup>90</sup> Ngatitarise mumwevo muprofita, imwe nguva, ainzi Samueri. Aiva munhu mukuru. Akanga adzidzisa Israeri; avaudza kuti havafaniri kuva namambo. Akati, “Ndakambokuudzai here chimwe chinhu muZita raShe chisina kuitika?”

Vakati, “Kwete. Zvose zvamakataura muZita raShe zvakaitika.”

Aiva muprofita, zvino akafa.

<sup>91</sup> Kwaperama makore matatu kana mana, mambo akapinda mumatambudziko; izvi zvakaitika Ropa raShe Jesu Kristu risati radeurwa. Akanga ari muparadhisu. Zvino muvuki wepaEndori akadana mumwe munhu kuti auye, kuzonyaradza Sauro. Zvino muvuki uyu paakamuona achiuya, akati, “Ndiri kuona mwari achibva pasi penyika.”

<sup>92</sup> Zvino mumashure mokunge murume uyu afa, avigwa, aora ari muguva, akanga akamira ipapo mubako, akapfeka hanzu dzake dzouprofita; uye akanga achiri muprofita, ameni, nokuti akati, “Wandidanirei kubva pakuzorora kwangu, uchiona kuti wava muvengi waMwari?” Muone achiprofita. “Mangwana manheru, nenguva dzino, uchava neni.” Akanga achiri muprofita, kunyange akanga abuda mumutumbi uno.

Maona, akanga ari pano uye akanga ari chikamu cheShoko, akabuda mumutumbi wenyama akapinda mumutumbi waakanga agadzirirwa kubva pamavambo enyika. Akapinda mumutumbi weshoko, raiva Shoko. Uri kuzvibata here? Ndiko kunoenda vatendi vose kana vabva pano.

<sup>93</sup> Zvino, muchimiro ichi, chidzitiro chabviswa. Unoona, kuti uri Shoko, zvakare, kana wapinda imomo. Somwana mudiki; sezvandataura nguva diki yapfuura . . .

<sup>94</sup> Zvino cherechedza. Ndinorumbidza Mwari neZvisimbiso izvi zvakarururwa, ndiwo munamoto wangu, kuti ndizive zvinhu izvi!

<sup>95</sup> Zvino chizaruro chechokwadi chaMerkisedheki chava kuzoonekwa. Chii? Aiva Mwari, Shoko, Asati aitwa nyama; Mwari, Shoko. Nokuti, Aifanira kuva; hakuna munhu aikwanisa kusafa saIye. Maona, ini ndaiva nababa namai; iwe wakava navo, zvakare. Jesu aiva nababa namai. “Asi Munhu uyu akanga asina baba, kana kuti akanga asina amai.” Jesu aiva nenguva yaAkatanga; Munhu uyu akanga asina. Jesu akapa hupenyu hwaKe; Munhu uyu haana, nokuti Iye aiva Hupenyu. Zvino Munhu uyu mumwe chete nguva yose. Ndinotenda kuti Mwari artazvizarura kwauri. Munhu mumwe chete, nguva dzose.

<sup>96</sup> Cherechedza madunhurirwa aKe, “Mambo wokururama.” Zvino, VaHebheru 7:2, “Mambo wokururama, uye Mambo worugare.” Iye ndimambo wezviviri. Zvino tarisa, VaHebheru 7:2, “Mambo wokururama, zvakarevo Mambo worugare.”

Mambo wezviviri ipapa. Zvino kubvira paAkauya munyama akagamuchira mutumbi waKe, muna Zvakazarurwa 21:16, Anodanwa kunzi, “Mambo wamadzimambo.” Ndiye vatatu vose, pamwe chete. Maona, Mambo Mwari, Mambo Mutumbi weShoko, Mambo Jesu. “Ndiye Mambo wamadzimambo.”

Zvinosangana, sezvakaita mwoyo, mutumbi, nomweya, zvose zvinouya kuzoumba munhu mumwe chete.

<sup>97</sup> Zvakarevo, Iye ndiye Baba, vanova vakatanga; Mwanakomana; noMweya Mutsvene, Mweya.

“Mambo wokururama,” chikamu choMweya; mutumbi weshoko, “Mambo wo—worugare,” mutumbi weshoko; zvino munyama Aiva “Mambo wamadzimambo,” Munhu mumwe chete.

<sup>98</sup> Apo mutumbi weshoko pawakaonekwa, naMosesi, muna Eksodho 33:2, Aiva mutumbi weshoko. Mosesi aida kuona Mwari. Akanga anzwa inzwi raKe, akanga aMunzwa achitaura naye, akaMuona mugwenzi, seShongwe yoMwoto. Zvino akati, “Ndimi Ani? Ndinoda kuziva kuti Imi Ndimi ani?” Mosesi akadaro. “Ndichaisa. . .” Kana Mukaita kuti ndiKuonai, ndinoda kuona chiso cheNyu.”

<sup>99</sup> Akati, “Hapana munhu anokwanisa kuona chiso chaNgu.” Akati, “Ndichaisa ruoko rwaNgu pamaziso ako, uye Ndichapfuura. Zvino uchaona musana waNgu, asi kwete kumeso kwaNgu.” Maona? Zvino paAkadaro, wakanga uri musana woMunhu; waiva mutumbi weshoko. Zvino Shoko rakauya kuna Mosesi, “NDIRI,” ndiro raiva Shoko. Shoko rakauya kuna Mosesi muchimiro cheShongwe yoMwoto mugwenzi raipfuta. “NDIRI.”

<sup>100</sup> SeShoko rinobva kuvadzidzi vebhaibheri. . .rinobva mumutumbi weshoko, ndingadaro. Ndiregererei. Akauya kuna Abrahamama soMunhu, pasi pomuti womuouki. Zvino tarisa ipapo. pakauya Munhu kuna Abrahamama, vari vatatu, vakagara pasi pomuti womuouki, vatatu. Zvino cherechedza, mumashure mokunge Ataura naAbrahamama. . .

<sup>101</sup> Sei Akauya? Abrahamama, ari iye akanga aine vimbiso nemharidzo yomwanakomana aizouya, uye zvakarevo Akanga ari muprofiti waMwari ane Shoko akanga achivimba neShoko raMwari, achidana zvose zvaipikisa sezvisipo. Muri kuona kuti Shoko raMwari rakakwana sei? Shoko rakauya kumuprofiti. Maona, apa Mwari akanga ari mumutumbi weshoko. Zvino Bhaibheri rinoti, “Shoko rakauya kumuprofiti.” Uye pano pa—paiva neShoko mumutumbi weshoko.

Zvino ungati, “Aiva Mwari here?”

<sup>102</sup> Abrahamama akati aiva. Akati zita raKe, raiva, akaMuti Elohim. Zvino muna Genesi 1, munoono kuti, “Pakutanga *Elohim* akasika matenga nenyika.” Muna Genesi 18, tinoona

ku—kuti Abrahama akadana Munhu uyu.. akagara ipapo achitaura naye, uye aikwanisa kumuudza zvakavanzika zvomwoyo, kumuudza zvakanga zvichifungwa naSarah ari seri kwaKe. Abrahama akati, “NdiElohim.” Akanga ari mumutumbi weshoko. Wazvibata here? Cherechedza kumashure. . .

<sup>103</sup> Zvino taona kuti Akanga ari mumutumbi weshoko. Akamuti, “Ishe Mwari, Elohim.” Zvino, muna Genesi 18, tinoona kuti ichi ichokwadi.

<sup>104</sup> Zvino onai Abrahama. Vakanga vari vatatu vose pamwe chete, asi Abrahama paakasangana navo vose vari vatatu, akati, “Ishe wangu.”

Asi Roti, ari kuSodhoma; vaviri vavo vakaendako, Roti akaona vaviri vachiuya, zvino akati, “Madzishe angu.” Maona, chii chakanga chakakanganisika? Chokutanga, Roti akanga asiri muprofitu, ndizvo, uye akanga asiri nhume yenguva, nokudaro akanga asina chizaruro chaKe. Ndizvo chaizvo. Roti akavadana kuti “madzishe.” Kunyange dai vakanga vari gumi navaviri agadai akangodaro kuti, “madzishe.”

Asi hazvina mhosva kuti Abrahama akaona vangani, Aingoramba ari Ishe mumwe chete. Ndiye Mwari. Ndiye Merkisedheki wacho.

<sup>105</sup> Cherechedza, mumashure mokunge hondo yapera, Merkisedheki akapa mwanakomana waKe chirairo; funga pamusoro pazvo, chikamu chake iye paChake! Zvino tinoda kuona pano. Mumumvuri pano, uchiratidzwa, chirairo. Mumashure mehondo, Akazvipa paChake, nokuti chirairo chikamu chaKristu. Zvino kana kunetseka kwapera, mumashure mokunge wakunda, ipapo ndipo paunozova naKristu, kuzova chikamu choMunhu uyu. Wazvibata here?

<sup>106</sup> Jakobho akaita mutsimba naye husiku hwose, uye haana kuMurega achienda kusvikira Amuropafadza. Ndizvo. Akarwira hupenyu hwake! Zvino mumashure mokunge hondo yapera, zvino Mwari anozovipa kwauri iye paChake. Ndicho chirairo chaKe chechokwadi. Chingwa chidiki chinongoZvimiririra. Haufaniri kuchitwira kusvikira waita mutsimba uye wava chikamu chaMwari.

<sup>107</sup> Rangarirai, panguva iyi, chirairo chakanga chisati chambopiwa, kusvikira Jesu Kristu paakafa, mazana namazana namazana amakore akazotevera.

<sup>108</sup> Asi Merkisedheki, mumashure mokunge mwana waKe Abrahama akunda, Merkisedheki akasangana naye akamupa chingwa newaini; zvichiratidza kuti kana hondo yapanyika pano yapera, tichasangana naYe mumatenga totora chirairo zvakare. Anenge ari Mabiko oMuchato. “Handichanwi zvakare zvibereko zvomuzambiringa, kana kudya muchero, kusvikira zuva iro randichazonwa naro nemi, zvava zvitsva, muVushe hwaBaba vaNgu.” Ndizvo here?

109 Cherechedza zvakare, Merkisedheki akaenda kundosingana naAbrahama asati Asvika kumusha. Mufananidzo wakanaka sei watinawo pano! Merkisedheki achisingana naAbrahama asati asvika kumusha, mumashure mehondo.

Tinosangana naJesu mumakore, tisati tasvika kuMusha. Ndizvo. VaTesaronika yeChipiri inotiudza izvozvo, “Nokuti, tinosangana naYe mumakore.” Mufananidzo wakanaka waRebheka achisingana naIsaka, mumunda, pakutonhorera kwezuva. “Tinosangana naYe mumakore.” VaTesaronika yeChipiri inotiudza izvozvo. “Zvino isu vapenyu vakasara hatingatangiri vakavata; hwamanda yaMwari icharira; vakafa muna Kristu varatanga kumuka; zvino isu vapenyu vakasara tichatorwa pamwe chete navo, kundosingana naShe mumakore.” Zvakakwana, mifananidzo yose iyi.

110 Nokudaro, mutumbi weshoko, kana wafa ukapinda mumutumbi weshoko, (chii chinoitika?) mutumbi weshoko unouya panyika kuzitora mutumbi wakadzikinurwa. Uye kana uri pano mumakore, unotora mutumbi kundosingana nomutumbi weshoko, wazviona, “uye wobvutwa, woenda kundosingana naShe kumakore.”

111 Merkisedheki uyu ndiani kunze kwaMwari!

112 Zvino tinoona pachena chakavanzika chohupenyu hwedu parwendo, norufu, nokwatinoenda mumashure mokunge tafa. Zvakare, kufanotemerwa kuri pachena pano. Zvino teeresesai zvakananyanya patava kudzidzisa izvi.

113 Zvinhanho zve—zvechinangwa choKusingaperi zvaAiva nazvo sechakavanzika maAri ikozvino zvazarurwa. Cherechedzai pane zvinhanho zvitatu zvokusvika pakukwaniswa. SezvaAnoita achidzikinura nyika; nzira imwe chete yaAnodzikinura Chechi Yake. Anodzikinura vanhu muzvinhanho zvitatu. Zvino tarisai. Chokutanga kururamiswa, sezvapakaparidzwa naLuther; chechipiri, kucheneswa, sezvapakaparidzwa naWesley; chechitatu, kuBhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Ndizvo. Zvino kozouya Kubvutwa!

114 Zvino, nyika, Akaidzikinura sei nyika? Chokutanga, zvaAkaita, payakatadza, Akaigeza norubhabhatidzo rwemvura. Ndizvo. Zvino Akazodonhedza ropa raKe pairi, kubva pamuchinjikwa, akaichenesa akaidana kuti yaKe Chaizvo. Zvino Anoitei? SezvaAkabvisa nyika yose kubva mauri, akavandudza zvose norubhabhatidzo runopisa rwoMweya Mutsvene, Iye zvakarevo artashandura nyika. Zvino ichapiswa noMwoto, nokuichenesa pamajemusi ose, kwamamirioni namamirioni emamaira kuenda mudenga, zvose zvichacheneswa. Zvino partazova neDenga Idzva neNyika Itsva, sezvakaite iwe wakava chisikwa chitsva muna Kristu Jesu apo Mweya Mutsvene wakakutora. Maona, wazviona, zvinhu zvose zvakajeka kwazvo sezvazvingava. Zvose zviru muhutatatu.

<sup>115</sup> Kuberekwa kwapanyama kuri muhutu. Chii chinhu chokutanga chinotika kumudzimai ari kupona mwana? Chii chinotanga kubuda? Mvura. Chii chinotevera? Ropa. Chii chinotevera? Hupenyu. Mvura, ropa, mweya.

Chii chinotika kumbeu? Inoora. Chii chinotanga? Janga. Chii chinotevera? Muchekechera. Chii chinotevera? Hundi. Zvino tsanga yozobuda kubva imomo. Zvinhanho zvitatu chete, kusvikira painosvika patsanga. Ndizvo chaizvo.

<sup>116</sup> Mwari anosimbisa izvo. Zvakagara zviri izvo nguva dzose. Mwari anozvisimbisa kuti ndezvechokwadi. Kuratidza pachena kuti, vakafanotemerwa ndivo chete vanozikanwa mukudzikinurwa. Mazvibata here? Regai ndizvidzokorore zvakare. Vakatemerwa ndivo yoga vanozikanwa mukudzikinurwa. Vanhu vanogona kuita kunge, kufunga kuti, asi kudzikinurwa kwechokwadi ndokwa avo vakatemerwa. Nokuti, shoko rokuti *kudzikinura* rinoreva “kudzorera pakare.” Maona? Ndizvo here? *Kudzikinura* chimwe chinhu. . . *Kudzikinura* chinhu chipi, zvacho, “kuchidzosa zvakare kunzvimbo yacho yamavambo.” Hareruya! Nokudaro vakatemerwa chete ndivo vartadzoswa, nokuti vamwe havana kubva Ikoko. Maona, “kudzosa!”

<sup>117</sup> Kuva nohupenyu Husingaperi naYe, kubva pamavambo. . . Hupenyu Husingaperi hwaunahwo, pfungwa dzaKe dzokuti wakanga uri chii, chete, Aida kuti u. . . Aida kuti ndimire pano papurupiti, ndichitaura. Aida kuti ugare pachigaro husiku huno. Zvino tiri kushumira chinangwa chaKe choKusingaperi. Zvino uyo wabva kumusha, angouya pano panyika kuzoshumira chinangwa chaKe. Ndizvo here? Zvakanaka. Zvino, kana zvose zvapera, unodzorerwa zvakare muchinhanho chakabwinyiswa; zvazadziswa vvozdzorerwa zvakare.

<sup>118</sup> Ndicho chikonzero Pauro aikwanisa kutaura kuti, pavakanga vachigadzira nzvimbo yokudimbura musoro wake; akati, “O-o rufu, rumborera rwako ruripi? O-o guva, kukunda kwako kuripi? Asi Mwari ngaavongwe Anotipa kukunda!” Akati, “Rufu, ndiudze paungandiita kuti ndicheme! Guva, ndiudze kuti uhandibata sei! Nokuti, ndino Hupenyu Husingaperi.” Ameni! Akazviziva. Rufu, gehena, guva, hapana chaikwanisa kumubata. Zvino hapana chinokwanisa kutikuvadza, tino Hupenyu Husingaperi! Akaziva kuti akanga aropafadzwa noHupenyu Husingaperi.

<sup>119</sup> Sezvakaita donhwe redova. Kana ndichizvinzwisisa zvakanaka, i. . . Handizivi zvakananyanya nezvekemestri. Asi, rinofanira kuva rinobva muhunoro kana mumweya hwemhepo. Zvino kana husiku hotonhora kwasviba, rinodonha kubva mudenga rouya pasi. Pane parinenge rabva. Asi mangwanani anotevera zuva risati rabuda, rinenge riripo, dova, richihuta. Asi rega zuva ribude, ritarise urione richipenya. Rinenge rava kufara. Sei? Zuva rava kuzoridaida kuti ridzokere kwarabva.

Zvino ndizvo zvazvakaita nomuKristu. Hareruya! Tinoziva kana tapinda muHupo hwaMwari, chimwe chinhu matiri chinotiudza kuti takabva kune imwe nzvimbo, uye tiri kudzokera zvakare kune Simba riri kutikweva.

<sup>120</sup> Dova, rinopenya rodanidzira, nokuti rinoziva kuti rakabva kumusoro, uye rinoziva kuti zuva richaritora kuri dzorera ikoko zvakare.

Zvino munhu ari pfungwa yaMwari, akaberekwa naMwari anoziva, hareruya, paakasangana noMwanakomana waMwari, artabviswa pano rimwe zuva. “Nokuti ndikasimudzwa pano panyika, ndichakwevera vanhu vose kwaNdiri.” Amen!

<sup>121</sup> Zvino cherechedzai, zvino, tinoona Merkisedheki uyu kuti sei Maria akanga asiri mai vake. Ndicho chikonzero Akamudana kuti “mudzimai,” kwete *mai*. “Akanga asina baba,” nokuti Iye ndiye aiva Baba, Baba vokusingaperi, vatatu muno Mumwe. “Akanga asina mai,” akanga asina zvechokwadi. Akanga asina baba, nokuti Iye ndiye aiva Baba. Sezvakanyorwa nomunyorori, achitaura zvakanaka pamusoro paJesu, akati:

NDIRI akataura naMosesi mugwenzi raipfuta mwoto,

NDIRI Mwari waAbrahama, Nyeredzi Inopenya yaMangwanani.

NDIRI Arifa naOmega, mavambo namagumo.

NDIRI zvisikwa zvose uye Jesu ndiro Zita. (Ndizvo.)

O-o, unoti ndini ani, uye unoti ndakabva kupi, Unoziva Baba vaNgu here, kana kuti unokwanisa kutaura Zita raVo here? (Hareruya!)

<sup>122</sup> Ndiro Zita raBaba! Hongu, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, asi hamuna kuNdigamuchira.” Maona? Chokwadi, Ndiye zuro, nanhasi, nokusingaperi.

<sup>123</sup> Zvino Merkisedheki uyu akazova nyama. Akazvizarura paChake soMwanakomana womunhu paAkauya, soMuprofita. Akauya mumazita matatu ohuMwanakomana; Mwanakomana womunhu, Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waDhavhidhi.

<sup>124</sup> PaAkanga ari pano panyika, Aiva Munhu, kuti azadzise Gwaro. Mosesi akati, “Ishe Mwari wenyu artamutsa mumwe Muprofita akafanana neni.” Nokudaro aifanira kuuya soMuprofita. Haana, kumbotaura kuti, “Ndiri Mwanakomana waMwari.” Akati, “Ndiri Mwanakomana womunhu. Munotenda here Mwanakomana womunhu?” Nokuti, ndizvo zvaAifanira kupupura, nokuti ndizvo zvaAiva.

Zvino Akauya nerimwe Zita rohumwanakomana, Mwanakomana waMwari; Mweya, usingaonekwi.



Zvino paAchazouya zvakare, Anenge ari Mwanakomana waDhavhidhi, kuti agare pachigaro chaKe.

<sup>125</sup> Zvino paAiva pano paakaitwa nyama, Akanzi, “Mwanakomana womunhu.” Zvino, Akazvizivisa sei paChake kunyika soMwanakomana womunhu, Muprofiti?

<sup>126</sup> Rimwe zuva ndakanga ndichitaura nyaya yaPetro naAndrea, munin’ina wake. Vakanga vari varauri, uye baba vavo Jonasi vakanga vari mutendi mukuru. Rimwe zuva vakati vakagara navo padivi reigwa. Vakati, “Vanakomana vangu, munoziva kuti takanamata sei pataida hove.” Vakanga vari varauri vaitengesera vanhu. Vakati, “Takavimba naMwari, Jehovha, pakurarama kwedu. Zvino ndakwegura zvino; handichagari nguva refu nemi vakomana. Zvino nguva dzose, savatendi wechokwadi, takatarisira nguva iyo Mhesiyasi artazouya. Takava navakawanda venhema, asi partazouya Mumwe wechokwadi, rimwe zuva.” Zvino vakati, “Kana Mhesiyasi uyu auya, handidi kuti imi vakomana munyengerwe. Mhesiyasi uyu anenge asiri mudzidzi webhaibheri chete. Anenge ari Muprofiti, nokuti muprofiti wedu Mosesi uyo watinotevera, akadaro.”

Zvino, muJudha wose anotenda muprofiti wake. Anodzidziswa kuziva izvozvo. Zvino kana muprofiti akataura zvechokwadi, ipapo chinenge chiri chokwadi. Asi Mwari akati, “Kana pane mumwe pakati penyu, ari womweya, kana muprofiti, ini Ishe ndichaZvizarura kwaari. Zvino zvaanotaura zvikaitika, zvino munzwei nokumutya; asi kana zvikasaitika, zvino musamutya zvachose.” Maona? Nokudaro ndiko kwaiva ku—kusimbiswa kwomuprofiti.

<sup>127</sup> “Zvino Mosesi akanga ari muprofiti wechokwadi akasimbiswa, uye akati, ‘Ishe Mwari wenyu uchamutsa, pakati penyu, pakati pehama dzenyu, Muprofiti akafanana neni. Zvino vose vasingazomutereri vartabviswa pakati pavamwe.’” Vakati, “Zvino, vana, rangarirai, kuti, savaHebheru, tinotenda vaprofiti vaMwari vakasimbiswa.” Zvino tererai. Musarasikirwa nazvo. Zvino akati, “Kana Mhesiyasi uyu auya, muchaMuziva, nokuti Iye anenge ari Mhesiyasi Muprofiti. Zvino, vanoti kwaperi makore mazana mana. Hatina kumbova nomuprofiti kubva pana Maraki, asi iye anenge ari muprofiti!”

<sup>128</sup> Rimwe zuva, mushure mokunge vafa, mushure mamakore mashoma, mwanakomana wavo Andrea akanga achifamba pamahombekombe. Zvino akanzwa murume aigara mudondo murenje, achiti, “Mhesiyasi akamira pakati penyu ikozvino!” Chapungu ichi chakakurira murenje chakagaramo, chakati, “Mhesiyasi ari pakati penyu ikozvino. HatiMuzivi ikozvino, asi Akamira pakati penyu. NdichaMuziva, nokuti ndichaona chiratidzo chichibva kuDenga.”

Rimwe zuva Akati, “Heroi, tarirai, Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika!”

Akabva aenda—enda murume uyu, kundotsvaka mukoma wake. Akati, “Simoni, ndinoda kuti uvuye kuno; tamuwana Mhesiyasi.”

“O-o, enda, Andrea! Unoziva zviri nani kudarika izvozvo!”

“O-o, ndinoziva. Hongu, Asi, Murume uyu akasiyana navamwe.”

“Ari kupi? Akabva kupi?”

“Jesu weNazareta.”

“Guta riya, rakaipa? Ko, haAngabvi kunzvimbo yakasviba, yakaipa kudaro.”

“Ingouya uzoona.”

<sup>129</sup> Akazomunyengetedza kuti auye rimwe zuva. Zvino paakauya pamberi paMhesiyasi uyu, Jesu akamira ipapo, achitaura navanhu. Paakaenda pamberi paKe, Akati, “Zita rake ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Zvakabva zvapedza zvose. Akazova namakiyi oHumambo. Sei? Akaziva kuti Murume uyu akanga asingamuzivi. Zvino Akamuziva sei, zvino baba vake vaiva nohumwari vakanga vamudzidzisa kutenda Mhesiyasi?

<sup>130</sup> Paiva nomurume akanga akamira ipapo, ainzi Firipo. O-o, akafadzwa kwazvo! Aiziva mumwe munhu, waakanga achidzidza naye Bhaibheri. Pakarepo akaenda, seri kwegomo, akamuwana ari mubindu rake remiti yake yomuorivhi. Akanga akagwadama, achinamata. Vakanga vaita zvidzidzo zvakawanda zveBhaibheri pamwe chete, zvino akasvika ikoko. Zvino akati, mushure mokunge amurega achipedza kunamata, akati, “Uya, uone Uyo watawana; Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa. Ndiye Mhesiyasi watiri kutsvaka.”

Zvino ndinokwanisa kunzwa Nhatanaeri achiti, “Zvino, Firipo, hauna kukanganisika here, hauna here?”

<sup>131</sup> “O-o, kwete. Kwete. Zvino rega ndikuudze. Unoziva, tanga tichiverenga Bhaibheri tose pamwe chete, zvino muprofitita akataura kuti Mesiyasi anenge akadini?”

“Anenge ari Muprofitita.”

“Unorangarira here murauri uya wawakatengera hove, akanga asingakwanisi kunyora zita rake, ainzi Simoni?”

“Hongu. Uh-huh.”

<sup>132</sup> “Paakauya. Zvino unozivei? Jesu weNazareta uyu akamuudza kuti zita rake ainzi Simoni, akamushandura zita kuti rinzi Petro, zvinoreva ‘kadoombo kaduku,’ uye akamuudza kuti baba vake vaiva ani.”

“Zvino,” akati—akati, “Handizivi. Pane chakanaka here chingabva Nazareta?”

133 Akati, “Ngatirege kutaura pamusoro pazvo; ingouya uzoona.” Izano rakanaka, “Uya uzoona.”

Zvino Firipo akauya, naNhatanaeri. Zvino paakasvika, Jesu dzimwe nguva akamira, achitaura, zvichida achinamatira vanorwara vaiva mumutsara wokunamatirwa. Zvino paAkasvika pakanga pana Jesu, Jesu akamutarisa, akati “Tarirai muIsraeri asina kunyengera maari.”

134 Zvino, ungati, “Hongu, aiva mapfekero Aakanga akaita.” O-o, kwete. Vose vokumabvazuva vanopfeka zvakafanana. Aigona kunge aiva muSiriya, kana mumwevo zvake; nendebvu, negamenzi.

135 Akati, “Tarirai muIsraeri asina kunyengera maari,” namamwe manzwi, “munhu akatendeka, akaperera.”

Zvino, izvi zvakashamisa Natanaeri. Zvino akati, “Rabhi,” zvinoreva, “mudzidzisi. Rabhi, Makandiziva riinhi? Makaziva sei kuti ndiri muJudha? Imi makaziva sei kuti ndakatendeka, handina kunyengera?”

136 Akati, “Firipo asati akudana, pawanga uri pasi, pomuti ndakuona.” U-u! Mamaira gumi namashanu, kune rimwe divi renyika, zuro wacho.

Akati chii? “Rabhi, Muri Mwanakomana waMwari. Muri Mambo waIsraeri!”

137 Asi pakanga pakamira vaprista ipapo, vane hunhu hwavo, vakatonhora, vakati, “Murume uyu ndiBheerzebhuri, muvuki.”

Jesu akati, “Ndichakuregererai pamusoro peizvi.”

138 Zvino, rangerirai, havana kumbozvitaure vachidanidzira, vakazvitaure mumwoyo yavo. “Zvino Akaziva mifungo yavo.” Ndizvo. Ndizvo zvinotaurwa neBhaibheri. Zvidaidze kuti *kuverenga pfungwa* kana uchida, asi A—akaziva mifungo yavo.

139 Zvino Akati, “Ndinokuregererai. Asi rimwe zuva Mweya Mutsvene uchauya kuzoita zvinhu zvimwe chete,” mushure mokuenda kwaKe; “ukataura shoko rinopesana naWo, hauregererwi munyika ino kana munyika inouya.” Ndizvo here? [Ungano, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, aya aiva maJudha.

Zvino rimwe zuva Aifanira kuenda nokuSamaria. Asi asati aita izvozvo, tinoona mudzimai, kana kuti . . .

140 Murume, paakapinda nesuvo rinonzi Rakanaka, akapodzwa. Jesu aiziva chinhanho chake, uye akamuudza, “Tora nhovo yako uende kumba.” Zvino akaita izvozvo, akapodzwa.

Zvino takaona kuti, maJudha, vamwe vavo vakaMugamuchira. Vamwe vakazvitenda; vamwe havana. Sei vasina kutenda? Vakanga vasina kutemerwa kuHupenyu. Vakanga vasiri chikamu chepfungwa dzake.

141 Zvino rangerirai, ava vaiva maprista navarume vakuru. Zvino Jesu. . . Fungai pamusoro pavadzidzi vebhaibheri ava

navaprista, varume vakanga vasina chakaipa muhupenyu hwavo. Jesu akati, “Muri vababa venyu dhiabhorosi, uye mabasa ake muchaita.” Akati, “Dai manga muri vaMwari, maiNditenda. Kana musingakwanisi kuNditenda, tendai . . . tendai mabasa andinoita; anopupura kuti ini ndini Ani.”

<sup>142</sup> Zvino, Bhaibheri rinoti, “Jesu mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.” Jesu akati, “Mabasa andinoita uyo anotenda maNdiri artaitavo.” Ndizvo here? Cherechedzai, ndiye aiva Merkisedheki chaiye.

<sup>143</sup> Zvino cherechedzai, zvakare, panongova namarudzi matatu avanhu.

Makambondinzwa ndichitaura kuti ndine rusaruro. Ndizvo zvandiri. MaKristu ose anorusaruro; kwete kusarura kweganda, asi rusaruro rwomweya. Ruvara rweganda romunhu haruna chokuita naye. Mwana waMwari noKuberekwa. Asi muKristu, Mwari akati, “Ndipatsanurei!” “Budai kubva pakati pavo,” nezvimwe zvakadaro. Ane rusaruro, rwokubvisa tsvina, pakati pezvakanaka nezvakaipa.

<sup>144</sup> Asi cherechedzai, vakanga vaino rusarura ipapa, rusarura kurudzi, rwamaSamaria.

Zvino panongova namarudzi matatu avanhu panyika; kana tichitenda Bhaibheri; ndivo vanhu, Hami, Shemi, naJafeti. Ndivo vanakomana vatatu valloa. Tose takabva kwavari. Ndizvozvivo. Zvinotiita kuti tose tibve kuna Adhama, zvinotiita kuti tose tive hama. Bhaibheri rinoti, “Neropa rimwe chete Mwari akasika ndudzi dzose.” Tiri hama, kubudikidza nokufamba kweropa. Munhu wechitema anokwanisa kupa munhu wechichena ropa, kana kuchinjanisa. Munhu wechichena anokwanisa kupa mu—muJapanese, munhu weyero, kana muIndia, munhu mutsvuku, kana vamwevo, kana muJaphaenite, kana angava ani, anokwanisa kumupa ropa, nokuti tose tine ropa rimwe chete. Ruvara rweganda redu, nokwatinogara. Hazvina chokuita nazvo.

Asi patinopatsanurwa, ndipo apo patinenge tava kubva munyika sokubuda kwaIsraeri muEgipita, ndipo patinopatsanurwa kubva muzvinhu zvenyika.

<sup>145</sup> Zvino, paiva navanhu vaHami, Shemi, naJafeti. Zvino dai tanga tiine nguva yokuona madzinza aya kumashure, taizoono maAnglo-Saxon, kuti takabva kupi. Zvino, aiva maJudha . . . MaSamaria, aiva masanganiswa amaJudha namaHedheni, vakaroorana namaHedheni zvakakonzurwa naBharami, namaMoabhi. Vaiva maSamaria. Uye vaiva maJudha namaHedheni.

Zvino, isu maAnglo-Saxon takanga tisina chokuita mazviri. Takanga tisingatendi muna Mhesiyasi, kana chimwe chinhu. Takanga tsingamutarisiriri. Takazouya kumashure.

Jesu akauya kuno VoKwake, zvino VoKwake havana kuMugamuchira. Zvino Akati kuvadzidzi vaKe, “Musaenda nenzira yamaHedheni, asi endai kuhwai dzavana vaIsraeri dzakarashika.” Zvino Iye akaenda bedzi kuhwai dzavana vaIsraeri dzakarashika. Zvino tarisai, Akazviratidza paChake soMwanakomana womunhu, pamberi pamaJudha. VakaZviramba.

Zvino, maSamaria, vari masanganiswa amaJudha namaHedheni, vaitendavo zvakare, vakanga vakamirira Mhesiyasi.

Isu takanga tisina kumumirira. Taiva mahedheni, tiine tsvimbo kumisana kwedu, tichinamata zvifananidzo; maHedheni.

<sup>146</sup> Asi zvino rimwe zuva, Johane 4, Aifanira kupfuura napaSamaria, munzira yaKe kuenda Jeriko. Asi akaenda nokuSamaria. Zvino paAkanga achienda ikoko, Akagara kunze kweguta rainzi Sikari patsime. Uye tsime racho, kana wakambosvikako, inzvimbo yakaita bani kufanana napano. Zvino pakanga paine tsime romusha wose, remvura, pavaiuya vose. Zvino madzimai aiuya mangwanani, vochera mvura yavo nezvirongo zvavo, vozviisa pamisoro yavo, uye chimwe pahudyo dzavo, zvino vofamba vakanyatsoti twii, vasingamborasi kana donhwe; vachikurukurirana. Zvino, vaidaro, vanhu vaiuya kutsime ikoko.

<sup>147</sup> Zvino idzi dzakanga dzava nguva dzegumi neimwe chete masikati. Zvino Akatumira vadzidzi vaKe muguta, kundotenga zvinhu, zvokudya. Uye pavakanga vaenda . . .

<sup>148</sup> Paiva nomudzimai aiva netsika dzakaora. Tingamudana kuti, nhasi, pfambi, kana kuti chipfeve. Akanga ana varume vakawanda. Zvino Jesu paakanga akagara ipapo, mudzimai uyu akauya nenguva dzegumi neimwe chete. Maona, akanga asingakwanisi kuuya nemhandara pavaiuya mangwanani kuzochera mvura yavo; aifanira kumira kusvikira vose . . . Vakanga vasingasangani sezvavanoita nhasi. Akanga ane mucherechedzo. Nokudaro, akauya kuzochera mvura, akatora zvokucheresa mvura, akaisa tambo pamugomo wake, akauderedza mutsime.

Akanzwa Mumwe munhu achiti, “Mudzimai, Ndipovo mvura.” Zvino, rangerirai, uyu ndiMerkisedheki. Uyu ndiJesu, zuro, Mwanakomana womunhu.

<sup>149</sup> Zvino akatarisa, akaona muJudha. Zvino akati, “Changamire, hazvina kunaka kuti muJudha akumbire muSamaria chii zvacho. Ndiri mudzimai weSamaria, nokudaro mataura zvisiri izvo. Mungadai musina kundikumbira chinhu chakadaro. Hatifambidzani.”

<sup>150</sup> Akati, “Asi dai waiziva kuti Ndiani ari kutaura newe, waiNdikumbira mvura.”

Akati, “Munoichera sei? Tsime rakadzika, hamuna chokucheresa.”

<sup>151</sup> Akati, “Mvura yandinopa iMvura yoHupenyu, inoyerera kusvika kuHupenyu Husingaperi.”

Akataura naye kusvikira Aziva chinhanho chake. Zvino ipapo...Tarisai muone kuti Akataura kuti kudini kwaari, “Enda undotora murume wako uvuye pano.”

Zvino akati, “Handina murume.”

<sup>152</sup> Akati, “Wataura chokwadi, nokuti wanga una vashanu, uye wauri kugara naye ikozvino haasi wako. Zvino, apa, wataura chokwadi.”

Tarisai mutsauko pakati pomudzimai uyu neboka ravaprista. Aiziva zvakawanda zvaMwari kudarika boka rose ravaprista, raiswa pamwe chete.

<sup>153</sup> Akati, “Changamire, ndinoona kuti Imi muri Muprofiti.” Akati, “Hatina kumbova nomuprofiti kwamakore mazana mana. Zvino, tinoziva kuti Mhesiyasi achauya. Zvino kana Mhesiyasi auya, ndizvo zvaAchaita.” Ndicho chaiva chiratidzo chaMhesiyasi, nokuti Akanga ari Mwanakomana womunhu. Akati, “Ndizvo zvaAchaita kana Auya. Munofanira kunge muri muprofiti waKe.”

<sup>154</sup> Akati, “Ndini Iye.” Hapana mumwe munhu aikwanisa kutaura izvi.

<sup>155</sup> Akaisa chirongo pasi akamhanya muguta, akati, “Uyai, muone murume Andiudza zvose zvandakaita. Handiye Mhesiyasi here?”

Zvino rangarirai, Akavimbisa kuita zvimwe chetezvo pamagumo echizvarwa chamaHedheni.

MaJudha akanga ana makore zvuru zvina zvokumirira Mhesiyasi, zvuru zvina zvokudzidzisa kuti Ari kuuya, uye zvaAizoita kana Achinge asvika, zvino vakatadza kuMuona, kana kuti vakatadza kuviona. Zvino paAkazvizivisa paChake nezviri muBhaibheri zvaAkataura kuti Aizoita, paAkanga ari mumutumbi weshoko ndokuzova nyama ndokugara pakati pavo, vakatadza kuviona, vakadana mabasa aKe kuti mabasa adhiabhorosi.

<sup>156</sup> Zvino takava nezvuru zviviri zvakamukore zvokudzidziswa, tichibva kucheche yeRoman Catholic, mushure mavaapostora. Zvino takazouya nomuRoman Catholic, namaGiriki, nezvimwe, tichiuya kusvika muchizvarwa chaLuther, naWesley, nezvimwe, mazana mapfumbamwe amasangano akasiyana. Takava nedzidziso yomuzvizvarwa izvi.

Zvino Akavimbisa, kuti magumo asati asvika, muenzaniso weSodhoma neGomora waizoonekwa zvakare, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichaita panguva

yamagumo, Mwanakomana womunhu paartzvizarura zvakare paChake.” [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]

“Kanguva kaduku nyika haizoNdioni zvakare; asi imi muchaNdiona, nokuti Ini,” zvichireva munhu mumwe, “Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo, kumagumo enyika. Ndichava nemi.” Mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi. Maona?

<sup>157</sup> Maona, *vaSamaria* vaiva, zvavaiva chaizvo, kubva mumharidzo yangu yohusiku hwapfuura, vaiva Hagari, maona, mufananidzo usina kukwana. *MaJudha* aiva Sarah, kana kuti vaiva vana Sarah. Asi *maHedheni* vanofanana naMaria, Mbeu yoHumambo, Mbeu yoHumambo yaAbrahama.

<sup>158</sup> Zvino zvakavimbiswa kuti, namazuva ano okupedzisira, Mwari mumwe chete uyu, Kristu mumwe chete uyu, aizouya pano ozvizarura paChake soMwanakomana womunhu.

Chikonzero chii? Nokuti haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Zvino kana Akarega maJudha achienda, akavapa chiratidzo chaMhesiyasi, zvino ozosvika kumagumo edzidziso yamaHedheni ovarega vachingoenda nedzidzo yebhaibheri, Anenge asina kururama. Anofanira kuita zvimwe chetezvo, nokuti Bhaibheri rakati, muna . . . VaHebheru 13:8 “Mumwe chete.”

Zvino akavimbisa muna Maraki 4, nedzimwe nzvimbo dzakasiyana muMagwaro, kuti, mazuva okupedzisira, chechi inenge yakagara sezvayakaita nhasi, uye nyika inenge yakadarovo.

<sup>159</sup> Tarisai nyika nhasi. Tarisai chinhanho cheSodhoma. Tarisai kudengenyeka kwenyika kunzvimbo dzakasiyana, nezvinhu zviri kuitika. Tarisari chechi nenyonganyonga yairi mairi, yeBhabhironi. Tarisai nhume yavo, Oral Roberts naBilly Graham.

G-r-a-h-a-m, kokutanga kuti tive nenhume, kumachechi ose, zita rake richipedzisira nah-a-m, saAbraham. A-b-r-a-h-a-m mavara manomwe. G-r-a-h-a-m mavara matanhatu. Ari kupi? Kunyika. Nhamba yechitanhatu inhamba yomunhu. Munhu akasikwa muzuva rechitanhatu. Asi nhamba yechinomwe inhamba yaMwari.

<sup>160</sup> Zvino tarisai zasi kuSodhoma. Zvino vane nhume dzavo dziri kutaura kwavari.

Asi zvino Mbeu yohumambo yaAbrahama iri kupi? Chiratidzo chavo chiripi, chaAkataura? “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva, eSodhoma,” Mwari paakadzika akaraidzwa munyama yomunhu, akataura zvakanga zvichifungwa naSarah mumwoyo make, ari mutende seri kwaKe, chiratidzo chokupedzisira nyika yamaHedheni isati yaparadzwa nomwoto. Zvino Chechi ine chiratidzo chayoy

chokupedzisira nyika isati yaparadzwa, humambo huno hwamaHedheni huchaparadzwa nomwoto nokutswamwa kwaMwari. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>161</sup> Merkisedheki akanga ari munyama, akazvimirira paChake mumutumbi womunhu; uye mushure Akazoitwa nyama. Ikozvino, husiku huno, Mumwe chete, zuro, nanhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>162</sup> Merkisedheki uyu ndiani, zvino, mumwe chete zuro, nanhasi... “Akanga asina baba, asina mai; haAna paakava namavambo amazuva, haAna kumbova namagumo ohupenyu.” Zvino Akasangana naAbrahama, uye Akaratidza chiratidzo chakadini? Zvino paAkaitwa nyama, Akati zvaizopamhidzwa zvakare panguva yamagumo. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndinovhitenda. [“Ameni.”]

Ngatinamatei.

<sup>163</sup> Mwari anodikanwa, ndinotenda Magwaro, ayo aMakataura kuti Muri mumwe chete “zuro, nanhasi, nokusingaperi.” Zvino nokuperera komwoyo wangu, Ishe, ndinoziva kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Handikwanisi kunyatsochizivisa. Ndinotyta kutaura, Ishe. Munoziva mwoyo womuranda weNyu.

<sup>164</sup> Zvino inguva dzakawanda sei, mukati mezvizvarwa paMakatumba zvinhu, vanhu vakakundika kuzviona. Munhu nguva dzose anorumbidza Mwari nokuda kwezvaAkaita, uye achitaura zvinhu zvikuru zvaAchazoita, asi achifuratira zvaAri kuita. Ndizvo zvazvakanga zvakaita mukati mezvizarwa. Sei chechi yeRoma yakakundika kuona Patrick somuprofita waMwari? Sei vakauraya Joan wokuArc paakanga a—ari muprofitakadzi, vakamupisa vachiti muroyi? Baba, vano zviona zvapfuura. Makazvivanzira kumaziso avakangwara nokuna vano zvikudza. Ndicho chikonzero Makataura kumaprista, “Munovaka marinda avaprofita, asi ndimi makavaisa imomo.” Mushure mokunge vafa, vanoona kudarika kwavo. Nguva dzose vanoKutambudzai, Ishe, muchimiro chose chaMunouya nacho.

<sup>165</sup> Ndinonamata, husiku huno, Mwari, kamwe chetezve hako. Mangwana takaronga kuenda, kuenda kuTucson. Dzimwe nzvimbo dziri munyika, mamwe maguta kwatinofanira kuparidza. Asi Mwari, Anodikanwa, pangadai pana vaenzi pano husiku huno vasati, vakanzwa Shoko richiparidzwa, asi havana kuRiona richiratidzwa.

Sezvandakumbira pakutanga. Apo vadzidzi, Kreopasi neshamwari yake, vachibva Emausi vachifamba munzira, zvino Makabuda mugwenzi mukatanga kutaura navo, mushure mokumuka kwenyu, makavaparidzira. Zvino, Akati, “Mapenzi, vano mwoyo inononoka kutenda. Hamuzivi here kuti Kristu aifanira kutambudzika zvinhu izvi, zvino ozopinda mukubwinya



kwaKe?” Asi kunyange zvakadaro havana kuzviona. Muswere wose vakafamba neMi, asi havana kuKuzivai. Asi humwe husiku . . .

Husiku hwasvika, vakakugombederai kuti Muuye mukati. Pavakapinda mumba vakapfiga musuvo, Mukaita chimwe chinhu chamakamboita kumashure Musati maroverwa, zvino vakazoziva kuti ndiKristu akamuka. Nenguva shoma shoma Makaenda seri kwamaketeni mukaenda. Nokuchimbidza vakamhanya vakandoudza vadzidzi, “Ishe amuka zvechokwadi!”

<sup>166</sup> Baba, Mwari, ndinotenda kuti Muchiri mupenyu. Ndinoziva kuti Muri mupenyu. Uye Makazvisimbisa kwatiri nguva dzakawanda. Mungazviita here kamwe chete zvakare, Ishe? Kana tawana nyasha mukuona kweNyu, dai zvikaitika kamwe chete zvakare. Ndiri muranda weNyu; ava varanda veNyu vari muno. Ishe, zvose zvandataura hazvingarevi. . . Shoko rimwe chete kubva kwaMuri rinodarika zvose zvandataura muhusiku hushanu hwapfuura, kana kuti mumharidzo shanu. Zvinodarika, shoko rimwe rinobva kwaMuri. HaMungatauri here, Ishe, kuti vanhu vagoziva kuti ndataura Chokwadi? Zviitei, Mwari. Ndinozvikumbira muZita raJesu, kamwe chete bedzi. Amen.

<sup>167</sup> Zvino, handikuzivei. Ndinoziva vamwe vanhu. Ndinoziva mukomana uyu akagara *pano*. Ndinoziva Billy Dauch akagara *apo*. Ndinoda ku. . . Pano pana Hama Blair, Rodney Cox. Zvakaoma kuti ndione kwamuri ikoko.

Kudivi *iri*, panguva ino handisi kuona munhu, zvake, wandinoziva.

<sup>168</sup> Vangani venyu muno vanoziva kuti handikuzivei? Simudzai maoko enyu, vanoziva kuti handina chandinoziva pamusoro penyu, simudzai maoko enyu kumativi ose.

Vangani muno vane chimwe chinhu chakakanganisika, kana chimwe chinhu chaunoziva kuti ini handichizivi? Mungasimudza maoko enyu here.

Zvino, hazvikwanisiki, hazvikwanisiki kuti ndizive chinhu pamusoro penyu. Kusiya kunge, zvatoitwa kubva pane kumwe kuzarurirwa kwoMweya.

Zvino ndakakuudzai husiku uhu hwose, uye husiku huno, kuti haAna kufa; Ari pano, uye akavimbisa kuita zvimwe chete. Zvino akavimbisa kuti paizosvika nguva mumazuva okupedzisira, maererano naMaraki 4 uye maererano naRuka, kuti Aizozviratidza zvakare munyama yomunhu pakati pavanhu vaKe oita zvimwe chete, ozarura zvinhu zvimwe chete, chiratidzo chimwe chete chaMhesiyasi. Vangani vanoziva izvi, imi munoverenga Bhaibheri, munoziva kuti iChokwadi here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Mose munofanira kunge muri vaverengi veBhaibheri.

<sup>169</sup> Zvino, ndinoziva kuti hazvizikanwi navanhu nhasi, asi iChokwadi. Ndicho chikonzero vasina kuziva Jesu weNazareta. Vaiziva dzidziso dzechechi dzavo, asi vakanga vasingaMuzivi. Asi Akauya nenzira yakataurwa neBhaibheri; kwete mudzidzi wechikoro chebhaibheri, kwete muprista. Akauya soMuprofita, zvino vaKe chaivo havana kuMugamuchira.

<sup>170</sup> Zvino, kana Mwari achichengeta Shoko raKe, uye kana zvikaitika...kana zvikaitika kumunhu wandinoziva, zvino ndi—ndinozitora mumwe munhu. Maona, ndinoda munhu wandisingazivi. Zvino ndinoda kuti munamate.

<sup>171</sup> Zvino, tarisai, paiva nomumwe mudzimai aiva nohutera. Akanga aparadza mari yake kuna vana chiremba; hapana chavaikwanisa kumubatsira nacho. Zvino akati mukati momwoyo wake, “Kana ndikakwanisa kubata mupendero wehanzu yoMurume uyu, ndichapodzwa.” Munorangarira here nyaya iyi? Zvino vose vakaedza kumudzivisa, asi akapinda kusvikira abata hanzu yaKe, akadzokera akandogara pasi.

<sup>172</sup> Zvino nyatsotereresai. Zvino paAkadaro, paakadaro, Jesu akatendeuka akati “Ndiani aNdibata?”

<sup>173</sup> Zvino, Petro muapostora akaMutsiura. Angadai akataura zvakada kudai, “Ishe, musataura chinhu chakadaro. Vanhu vanozotenda kuti pane chinhu chakakanganisika neMi. Nokuti, Makavakumbira kuti vadye nyama yeNyu nokunwa Ropa reNyu, vava kutofunga kuti pane chinhu chakakanganisika neMi. Zvino Maya kuti, ‘Ndiani aNdibata?’ Sei, mhomho yose iri kuKubatai.”

<sup>174</sup> Akati, “Hongu, asi ndanzwa kuti simba rabuda maNdiri.” Kwaiva kubata kwemhando yakasiyana. Zvino, munhu wose anoziva kuti *simba* “simba.” “Ndanzwa simba richibuda mandiri; simba rabuda maNdiri.”

Zvino Akatarisa mukati meungano kusvikira Aona mudzimai muduku uyu, akamuudza nezveropa rake raibuda. Zvino akanzwa mumuviri make kuti ropa ramira. Ndizvo here? Zvino Akati, “Kutenda kwako kwakuponesa.”

Uye, shoko rechiGiriki nderokuti *sozo*, rinoreva kuti “kuponeswa,” panyama kana pamweya, zvakangofanana. Aku“ponesa.” Iye—Iye ndiye Muponesi wako.

<sup>175</sup> Zvino, kana akanga ari Iye zuro, uye iriyo nzira yaAkaita nayo, kusimbisa kuti Akanga ari pakati pavanhu, Mhesiyasi akavimbiswa; uye ndiyo nzira yaAkazvisimbisa nayo paChake, nevimbiso yeBhaibheri, Aizoita zvimwe chete ikozvino; haAngadaro here, haAngaiti zvimwe chetezvo here?

<sup>176</sup> Mungati, “Akataura here zvokupodzwa varwere?” Hongu!

VaHebheru, Bhaibheri randichangobva kuverenga mariri, rinotaura kudaro, “Jesu Kristu ikozvino Muprista Mukuru anokwanisa kubatwa namanzwiwo ohutera.” Vangani vanoziva kuti ichokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Bhaibheri rakataura kudaro. “Iye Muprista Mukuru ikozvino anokwanisa kubatwa namanzwiro ohutera hwedu.” Zvino kana Ari Muprista Mukuru sezvaAkanga ari, Anozoita sei? Anofanira kuita zvimwe chetezvo sezvaAkaita ipapo, kana Ari Muprista Mukuru mumwe cheteyo. Zvino, ungati. . .

Handisi Muprista wenyu Mukuru. Unokwanisa kundibata, uye zvinenge zvakangofanana nokubata murume wako, kana hama yako, kana zvimwevo, kana munhu.

<sup>177</sup> Asi rega kutenda kwako kuMubate, uone zvinoitika. Zvino, kana ndiri muranda waMwari uye ndakuudzai Chokwadi, Mwari artazvisimbisa kuti iChokwadi. Uye zvinosimbisa kuti Jesu Kristu mupenyu husiku huno, akamira pano. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni. —Mupepeti.]

Zvino, iva nokutenda, divi rimwe chete panguva, divi rimwe chete. Ivai nokutenda kose uko. Regai ndigare pano pamaikirofoni, nokuti havandinzwi.

<sup>178</sup> Mumwe munhu ngaatarise kuna Mwari, otaura kuti, “Mwari, murume uyu haandizivi. Haazivi chinhu pamusoro pangu. Handimuzivi zvachose. Asi regai kutenda kwangu kubate Imi, Ishe. Zvino Munoziva zvakakanganisika neni, Ishe. Munoziva zvose pamusoro pangu. Munoziva kuti ndini ani, seMaziviro amakaita Petro, seMaziviro amakaita Natanaeri, seMaziviro amakaita zvakanga zvakakanganisika nomudzimai aibuda ropa. Zvino murume uyu andiudza kuti Muri mumwe chete ‘zuro, nhasi, nokusingaperi.’ Zvino, Ishe, regai kutenda kwangu kuKubatei.”

Zvino Akaita izvozvo, uye Akasimbisa zvakakwana kuti ari pano, vangani venyu vanozoMutenda nomwoyo yenyu yose; kana Akazviita kumunhu mumwe chete, kana vaviri, kana vatatu, kuti—kuti chive chapupu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Mwari akuropafadzei.

<sup>179</sup> Zvino, Baba Mwari, izvi hazvisi zvinhu zvinokwanisa kuitwa nomunhu. Chinofanira kunge chiri chinhu chomweya. Nokudaro ndinonamata kuti Imi mundibatsire ikozvino, Ishe. Ndiri mumaoko eNyu, Itai neni zvaMunoona zvakakodzera. MuZita raJesu. Amen.

<sup>180</sup> Zvino, gadzikanai. Ingozvininipisai, nokuremekedza moti, “Ishe, ndichaKushumirai. Zvino ichi ichokwadi, kuti kana ndikakwanisa kubata hanzu yeNyu, ipapo Imi mukataura neni kubudikidza nomurume uyu. Izvozvo ndizvo zvichasimbisa kwandiri kuti zvaataura iChokwadi.” Ndizvo?

<sup>181</sup> Vangani vakamboona mufananidzo weChiedza ichi? Wava kose kose mukati menyika, kose kose. Sainzi yakautora ikauongorora, nakose kose. Zvino, Ari pano ikozvino; mumwe chete Iye akataura pamusoro poKuroorana NoKurambana, mumwe cheteyo Iye akanga ari pagomo, akazunguza makomo kumashure uko, mumwe cheteyo Iye akanga ari parwizi

muna '33, Mumwe chete zero, nanhasi, nokusingaperi. Mumwe cheteyo. [Hama Branham vanombomira—Mupepeti.]

<sup>182</sup> Zvino, pano mudzimai, uye anoziva kuti pane chinhu chaitika. Chiedza chiya chakaremba pamusoro pake. Akagara *pano*, akapfeka juzi regirini, kana rakada kudaro. Handizivi mudzimai uyu. Ndinofunga kuti hatizivani. Ndizvo. Munotenda kuti Mwari . . . Muri—muri kutsvaka chimwe chinhu, uye munotenda here kuti Mwari anokwanisa kundizarurira kuti dambudziko renyu nderei? Zvino kana Akadaro, zvino muchaziva kuti isimba romweya, nokuti handikuzivei. Zvino zvinofanira kuuya kubudikidza nomweya.

Zvinoenderana nokuti unofunga kuti chii. Unokwanisa kutora divi rako namaprista, wozvidaidza kuti, “dhiabhorosi,” kana kutora divi navatendi wodaidza kuti “Mwari.” Zvaunenge watenda, ndiko kuchabva mubairo wako ikoko.

<sup>183</sup> Kana Mwari akandizarurira dambudziko rako, se—sechipiriso chako kudambudziko iroro? Handizivi kuti dambudziko rako chii. Asi ndinoziva, uye iwe unoziva, kuti chimwe chinhu chiri kuitika.

<sup>184</sup> Zvino, rega ndikuudze kuti uri kunzwa sei, zvino uchaziva; uri kunzwa kudziyirwa, kunotapira, manzwiwo akanaka. Ndakatarisa paChiri. Chiedza chiya, Chiedza chitsvuku chiri pamusoro pomudzimai.

Zvino mudzimai uyu ari kurwadziwa nomudumbu. Mune zvinhu zvinenge mapundu, zvakadaro, mudumbu make. Haasi wokuno. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvo.”] Kwete. Haubvi kuno handizvo here? Ndizvo. Unobva kuWisconsin. Ndizvo here? Chokwadi. Zvino wapodzwa. Kutenda kwako kwakuporesa.

<sup>185</sup> Zvino ndiudzei kuti mudzimai uyu abata Ani? Ndakamira mayadhi makumi maviri namashanu kubva paari. Abata Jesu Kristu, Muprista Mukuru. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni. —Mupepeti.]

<sup>186</sup> Ndakatarisa mudzimai wandakataura naye. Mudzimai uyu, ndakamutarisa, nokuti ari kunamatira zvakananya achinamatira mumwe murume. Andiudza kuti anga ano murume. . . Haana kumbondiudza chinhu pamusoro pazvo.

Asi zita rake ndiMai Waldrop. Vanobva kuPhoenix. Vakamutswa kubva kuvakafa, zvino chiremba wavo akauya namaekisireyi akaraidza kuti kenza yakanga iri mumwoyo. Vakafa vari mumutsara wokunamatirwa. Zvakaitika rinhi, Mai Waldrop? Makore gumi namasere apfuura, ikozvino vakagara pano husiku huno, chapupu chiri kurarama. Chiremba wavo akauya kumusangano, akaunza. . . Akati, “Mudzimai uyu angararama sei?” Asi havano vari pano, uye havachina chiratidzo chechirwere.

<sup>187</sup> Vaunza mumwe munhu, uye vari kumunamatira. Zvino, ari kufa, nedhaibhitisu. Zvino, izvi ndanga ndichizviziva. Asi nokuti muri kunamata . . . Munoziva kuti handizivi kuti iye ndiani, Mai Waldrop.

<sup>188</sup> Anobva kuMissouri, uye zita rake ndaVaCooper. Ndizvo. Zvino, munotenda, munokwanisa kudzokera kumusha mopodzwa, changamire. Zviri kwamuri, kana muchizvitenda.

<sup>189</sup> Houno mudzimai, uye ari kurwara neasima, nezvimwe zvakawanda. Havabvi kuno. Vakagara muno mukati mavanhu, mukati *umo*. Ndinotenda kuti vanowana . . . Havabvi kuno. Vanobva kuGeorgia. Hanzvadzi McKenny. Munotenda here nomwoyo wenyu wose, uye kutenda kuti Mwari anokwanisa kukupodzai? Simukai mumire, kana musingandizivi uye chiri chokwadi. Jesu Kristu anokupodzai. Munozvitenda here?

[Hama Branham vanofuratira ungoro—Mupepeti.]

<sup>190</sup> Shure kwangu, pano murume akagara shure kwangu, ari kubata Mwari. Zvino zvaari kuda; ane mwana ane dambudziko romwoyo. Zvino mwana uyu ane mwoyo usina simba, ndizvo zvakataurwa naChiremba. Zvino zita romurume uyu ndiVaCox. Simukai, VaCox. “Zvino akaudza Sarah zvaakanga achifunga, kumashure kwaKe.”

[Hama Branham vanoenderera mberi vakafuratira ungoro—Mupepeti.]

<sup>191</sup> Kune rimwe divi kubva pavari, kumashure zvishoma, pano murume asingabvi kuno, asi anobva kuNew Mexico. Handisati ndambomuona, muhupenyu hwangu. Ndakamutarisa ikozvino, uye ari kumashure kwangu. Anobva kuNew Mexico. Zvino murume uyu ano musikana waanoda kuti abatsirwe, zvino musikana uyu ane chimwe chinhu chakakanganisika mukanwa make. I . . . Mukanwa make ndimo makakanganisika. Zvino zita romurume uyu ndiVaWest. Mungasimuka here, changamire. Handizivani navo, asi Ishe Mwari artapodza mwana wavo.

<sup>192</sup> Munotenda here nomwoyo wenyu wose? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Vangani venyu vanotenda ikozvino nomwoyo yenyu yose? [“Ameni.”] Zvino, Jesu Kristu haazi mumwe chete here zero, nanhasi, nokusingaperi? [“Ameni.”] MunoMugamuchira here soMuponesi wenyu? Simudzai maoko enyu. [“Ameni.”] MunoMutenda here soMupodzi wenyu? [“Ameni.”]

<sup>193</sup> Pano, pano pane munhu akagara muno, akaremara kana chimwe chakadaro, akarara pamubhedha.

Unokwanisa kundinzwa here nemaiki iri pano? [Hama Branham vanatora maikirofoni vachienda kumucheto kwepuratifomu ndokubva votaura nomudzimai ari pamubhedha—Mupepeti.] Handikuzivei. Munongova mudzimai

akarara ipapo. Dai ndaikwanisa kukupodzai, ndaizviita. Handikwanisi kukupodzai.

[Mumwe murume anotanga kuchema—Mupepeti.] Zvakanaka. Anongova murume ari kufara. Mwana wake apodzwa.

Handikuzivei. Muri mudzimai, uye ini ndiri murume. Zvino ndiko kokutanga kusangana muhupenyu, ndinofunga kudaro. Vanhu ava...?..vakuunzai. Chokwadi, ndiyo nguva yenyu kuva pano; vangokuunzai. Mabva kure. Muno mumvuri worufu. Mune kenza. Hamuna kuremara. Ikenza. Vana chiremba havartakwanisi kukubatsirai. Ichokwadi. Zvino mungangofa; vana chiremba havartakwanisi kukubatsirai.

<sup>194</sup> Imwe nguva paiva navarume vatatu vaiva namaperembudzi vakanga vari pasuvo reSamaria. Zvino varume ava vakati, “Ko tinogarirei pano kusvika tafa?” Nokuti, hurwere hwose, nokushaiwa chokudya, kusvikira vakanga vava kudyanana. Vakati, “Tikaenda kumusasa womuvengi, kumaSiriya; kana vakatiuraya, tanga tichingofa, zvakadaro. Zvino kana vakatiponesa, tichararama.” Zvino vakatora mukana uyu. Zvino, nokutenda uku, havana kungozviponesa ivo partavo, asi vakaponesa boka rose.

<sup>195</sup> Zvino, muchafa kana mukarara ipapo. Asi hamusi kukumbirwa kuti muende kumusasa sezvavakaita. Asi munokokwa kuimba yaBaba,...?..

<sup>196</sup> Muri kufa nekenza. Hamukwanisi kurarama musina Mwari. Hamubvi muguta rino. Hamubvi kuno. Mabva kure. Mabva kuMilwaukee. Ndicho chokwadi. Ndizvo. Ndaona guta iri. Ndinoriziva. Ndizvo.

Munotenda here? Mungagamuchira Mwari somupodzi wenyu here ikozvino? Kana muchitenda, hazvina mhosva kuti hamuna simba zvakadini, uye kuti hamukwanisi kubva pamubhedha, ndinotenda, muchinhanho chenyu, ndaisimuka muZita raJesu Kristu. Ndotora mubhedha uyu ndoenda kumba, uye ndorarama ndichirumbidza Mwari. Muchanditerera, somuprofita waMwari here? Zvino simukai muende kumba, mupodzwe. Mupodzwe! Musatya. Simukai kubva pamubhedha; Mwari anokupodzai. Maona?

<sup>197</sup> Mumwe munhu ngaavabate kuti vawane simba rokumira. Munotenda here Mwari? Ingoregai vachiwana simba shoma; vartaita zvakanaka. Ndizvo, hanzvadzi. Havo vamira, muZita raShe Jesu! [Ungano inofara hanzvadzi payamira ikozvino.]

Ngatisimuke tirumbidze Mwari. Mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi! [Ungano inofara kwazvo nokurumbidza Mwari—Mupepeti.]

Endai, uye Ishe Jesu Kristu akuropafadzei. [Ungano inoenderera mberi nokufara kwazvo nokurumbidza Mwari—Mupepeti.]



*MERKISEDHEKI UYU NDIANI?* SHO65-0221E  
(Who Is This Melchisedec?)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo manheru, Kukadzi 21, 1965, kuParkview Junior High School muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1993 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)